ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№149 (24.899) • 2025 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 13, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

# УФ-м и Конституцэм и махуэм



**КъБР-м и Парламентым дыгъуасэ щатащ Урысей Федерацэм и цIыхум и дэфтэр нэхъыщхьэр - паспортыр. Iуэхум хэтащ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, Щэнхабзэмкlэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амырбий, КъБР-м и МВД-м Iэпхъуэшапхъуэхэм я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ, полицэм и полковник Ерчэн Жантемыр.**

- Нобэ ди къэралым щыдогъэлъапIэ УФ-м и Конституцэм и махуэр. Абы тедухуа мы Iуэху дахэмкIэ ныбжьыщIэхэми адэанэхэми сынывохъуэхъу, - жиIащ Егоровэ Татьянэ. - Мыпхуэдэ махуэм дэфтэр нэхъыщхьэр къуатыным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Шэч хэмылъу, ар узыгъэгушхуэщ икIи узыгъэпIейтейщ. ЦIыхум и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ зыгъэлъапIэ къэралыр нобэ щыщIэдзауэ шэсыпIэ фхуохъу. Ди зэманым Урысей Федерацэм гулъытэшхуэ хуещI цIыхум сыт и лъэныкъуэкIи зэрызиужьынымрэ зэрызиузэщIынымрэ. Ауэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым Урысей Федерацэм и цIыхуу ущытыным щIыхь зэрыпылъым хуэдэу, дэтхэнэми жэуаплыныгъэ ин абы щхьэкIэ зэрихьыр, къалэн пыухыкIаи и пщэ къызэрыдилъхьэр. Фи Хэкум фригушхуэу, ар зэрефIэкIуэнуми фегупсысу, Конституцэм щыщIэгъэбыда хабзэхэм фытету балигъ гъащIэм фыхэбэкъуэным и мыхьэнэр инщ. Езы къэралыр сыт щыгъуи йогугъу щIалэгъуалэм фи зэфIэкIым зэрыхэвгъэхъуэным, фи щIэныгъэр къыщывгъэсэбэпыным, Хэкум фызэрыхуэщхьэпэным. Фытегушхуэ IуэхуфIхэм, абы щыгъуэ псори къывэхъулIэнущ. ГъащIэ насыпыфIэ, ехъулIэныгъэшхуэхэр фиIэну, Хэкум хуэфащэ цIыху цIэрыIуэ къыфхэкIыну си гуапэщ, - жиIащ Егоровэ Татьянэ икIи ныбжьыщIэ 25-м я паспортхэр яритжащ.

Ерчэн Жантемыр жиIащ ныбжьыщIэхэм иджыри Iуэхугъуэ дахэ куэд я гъащIэм къазэрыщыпэщылъыр, ауэ паспортхэр къыщрата махуэр ящымыгъупщэнухэм зэращыщыр. «Урысей Федерацэм и цIыхум и дэфтэр нэхъыщхьэм гъуэгуанэшхуэ къызэрыфхузэIуихым хуэдэу, къалэн пыухыкIахэмкIи ар къыфщогугъ. Иджыпсту дэтхэнэми фи къалэн нэхъыщхьэр фIыуэ феджэнырщ, гъащIэм къыщыфщхьэпэн IэщIагъэ зэвгъэгъуэтынырщ. Дынывохъуэхъу лъагапIэфIхэм фынэсыну, - жиIащ абы.

Текуев Амырбий щIалэгъуалэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ къэралыр зыщыгугъыр, абы и къэкIуэну дахэр абыхэм зэрепхар. «Нобэ язынықъуэ къэралхэм ди адэшхуэхэм къытхуагъэна лъапIэныгъэхэр тIэщIагъэхуну хущIэкъуми, ар къайхъулIэнукъым, пщIэрэ щIыхьрэ пылъу ахэр зэгъусэу зэрытхъумэнум дыпылъынущ. Къэрал зэIузэпэщ дяпэкIэ зыухуэнухэр фэращи, фи мурадыфIхэр къывэхъулIэну дынывохъуэхъу», - жиIащ къэпсэлъам.

Iуэхум хэтахэм Урысей Федерацэм и гимныр зэдагъэзэщIащ, ныбжьыщIэхэм саугъэтхэмкIэ яхуэупсащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**



# ИлъэсыщIэ псейм и хьэщIэнухэр

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и интернет напэкIуэцIым щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ сабий 28-рэ Кремлым щаблэну ИлъэсыщIэ псейм иращIэкIыну дауэдапщэм хэтыну зэрырагъэблэгъам.**

ГУПЫМ хэтщ республикэм щыщу зи адэхэр дзэ Iуэху хэхам щыIэ сабийхэр, зеиншэхэр, адэ-анэ зыщхьэщымытхэр, зэпеуэхэмрэ олимпиадэхэмрэ щытекIуахэр. Къэралым и Кремль Уардэунэм 2019 гъэ лъандэрэ ирагъэблэгъакъым ди сабийхэр, иджы апхуэдэ Iэмал яIэщ. Ахэр ежьэнущ дыгъэгъазэм и 24-м. Дауэдапщэр Уардэунэм и хьэщIэщышхуэм дыгъэгъазэм и 25-м щызэхэтынущ.

Кремлым щаблэну псейм иращIэкI махуэшхуэм зэрашэнур гуфIэгъуэ защIэкIэ гъэнщIа гуращэщ сабийхэм я дежкIэ. Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ зыхэтыну театр теплъэгъуэхэмкIэ къызэIуахынущ ар икIи фэеплъ тыгъэхэр цIыкIухэм щыхуагуэшынущ.

ИлъэсыщIэ махуэщIым зэрыхэтынум нэмыщI, я Хэкушхуэм и къалащхьэр япэ дыдэ зэралъагъунури гукъинэж ящыхъунущ сабийхэм.

Ди индексыр П 5894

## ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

КIуэ пэтми IэмалыщIэхэр ди гъащIэм нэхъ кууүэ къыхохьэ, ар псынщIэ икIи тынш къытщащIу. Мы куар-кодыр къэбгъэсэбэпу «Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ дэнэ щIыпIэ ущыIэми: Сбер-онлайным уохьэри, абы тыбогъапсэ. АдэкIэ ди газетыр къигъэлъэгъуэнурэ, кIэщI дыдэу ущигъэгъуэзэнущ икIи къебгъэхьын папщIэ (уи унэм е ппэгъунэгъу пощтым) и лъабжьэм деж уи цIэ-унэцIэмрэ хэщIапIэмрэ иботхэри, уасэр абдежым щыбот. Дыфщогугъ адыгэбзэкIэ къыдэкI газет закъуэм адэкIи и ныбжьэгъу пэжу фыкъэнэну!

## «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

**2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманыр еух. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - абы Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.**

**Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**

**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 1130-рэ кIэпIейкIэ 82-рэ;**

**фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 1032-рэ кIэпIейкIэ 18-рэ.**

**● Дзэ Iуэху**



# Гуп зэпэщыр ирагъажьэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и дзэ комиссариатым деж япэ дэкIыгъуэу щрагъэжьащ ди щIыналъэм щызэхашагъащIэ «Эльбрус» дзэ зэгухьэныгъэщIэм хыхьахэм ящыщ щIалэхэр.**

IУЭХУМ иращIэкIа зэхуэсым къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым, республикэм и дзэ комиссар Пахомов Дмитрий, УФ-м и ветеранхэм я «Боевое братство» ветеран зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Гелястанов Барэсбий, Урысейм и суд приставхэм я федеральнэ IуэхущIапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Тэнащ Хъусен, ирагъажьэ щIалэхэм ящыщхэр.

- Нобэ мыбдежым щыдогъажьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и унафэкIэ къызэдгъэпэща «Эльбрус» ротэм хыхьа щIалэхэу дзэ Iуэху хэхам къалэн пыухыкIахэр щызыгъэзэщIэну гупыж зыщIахэм я япэ гупыр, - къызэхуэсахэм пэублэ псалъэкIэ захуигъэзащ республикэм и дзэ комиссарым. - Мыбы иужь иту, езым я фIэфIыныгъэкIэ «Эльбрус» дзэ пакIэм хэтыну гупыж зыщIхэри тхьэмахуэ къэс, зэрыжаIэу, гъуэгу тедгъэхьэнущ. Дэтхэнэми иращIылIэ зэгурыIуэныгъэм и кIыхьагъщ мази 6-м къыщыщIэдзауэ мази 8 - 12-м нэсыху. ЗэрызэгурыIуа пIалъэм елъытауэ, я дэкIыгъуэм ирихьэлIэу сом 400-м нэблагъэ, мазэ къэс сом мин 210-м къыщегъэжьауэ сом мин 300-м нэсыху иратынущ. Дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм ахэр щашэнур мазэм щIигъукIэ ирагъэджа нэужьщ. ПщIэ зыпылъ IэнатIэ мытыншым пэрыувэ ди щIалэхэм «гъуэгу махуэ» яжриIэну къэкIуащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым.

- «Эльбрус» зыфIэтща дзэйр хыхьэнущ езым я фIэфIыныгъэкIэ армэм щIэрыщIэу дэкI щIалэхэмкIэ зэгъэпэща хъуа «Терек» бригадэм. Иужьрейм, зэрытщIэщи, Украинэм IэмалыншагъэкIэ етщIылIа дзэ Iуэху хэхам илъэсым нэблэгъауэ къалэн пыухыкIахэр щегъэзащIэ. КъБР-м и Iэтащхьэм фIыщIэ мылъытэ яхуещI лIыгъэ зыхэзылъхьэу къалэн мытыншым пэрыувэну мурад зыщIахэми ахэр гъуэгу тезыгъэхьэ я благъэхэми. ФыкъыдогъэгугъэщIалэхэр зыхуей-зыхуэныкъуэ псомкIи къызэгъэпэща зэрыхъунумкIэ. Нэхъыщхьэ дыдэр нобэ мыбдежым щедгъажьэхэр, лажьи-хъати ямыIэу, зэрыдэдгъэкIа дыдэм хуэдэу узыншэу, я пщэ къыдалъхьэ къалэныр ягъэзэщIауэ, текIуэныгъи зыIэрагъэхьарэ я щхьэри лъагэу Iэтауэ къытхуеблэгъэжынырщ. ДэдгъэкIхэм я гъусэщ дзэ Iуэху хэхам мызэ-мытIэу хэтахэри. Си фIэщ мэхъу псори фызэкъуэувэмэ, зэхэщIыкI лъагэ зиIэ гуп дэгъуэ къызэрыфхэкIынур. Дэтхэнэми шыIэ фхэлъыну, узыншагъэ быдэ фиIэну дынывохъуэхъу. Фи фIэщ фщIы къызэвнэкI фи унагъуэхэр гулъытэншэу къэралми республикэми къызэримыгъэнэнур. Бригадэ фызыхэхуэр езым я фIэфIыныгъэкIэ хыхьахэмкIэ къызэрызэгъэпэщам къыхэкIыу, хэт дэтхэнэми, УФ-м къыщекIуэкI хабзэм къызэригъэувымкIэ, «Зауэ зэпэщIэувэныгъэхэм я ветеран» цIэри къыфIащынущ. Нобэ едгъажьэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и ныпри фIэщIэтлъхьэкIэрэ, догугъэ республикэм и пщIэр лъагэу фIэтыну. Дынывожьэ фызэрытлъэгъуауэ дэтхэнэми къэвгъэзэжыну, - жиIащ Къуэшырокъуэм.

АдэкIэ зэхуэсым къыщыпсэлъащ УФ-м и ветеранхэм я «Боевое братство» зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Гелястанов Барэсбий.

- Сызипашэ гупым къыбгъэдэкIыу дэтхэнэми фIыщIэ ин фхузощI мыпхуэдэ гъуэгуанэ фытехьэну фызэрытегушхуам папщIэ! Тхыдэ мыжыжьэм дриплъэжмэ, дигу къытхуэгъэкIыжынущ блэкIа зэманхэми, хахуагъэ ябгъэдэлъэ дызыщыщ къэралми къыщхьэщыжу, ди щIыналъэм щыщу «Дикая дивизия» дзэ зэщIэгъэуIуам хэхуауэ щытахэри Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм 115-нэ шу дивизэм хэтахэри. Фыкъыщыхутэм къикIуэт жыхуаIэр щывмыщIэу, дэнэкIэ вгъазэми, ди адэжьхэм яхэлъа лIыгъэр фи гъуазэу, тыншу фи Iуэху щыдэкIрэ текIуэныгъи къыщыфхьауэ къэвгъэзэжыну сынывохъуэхъу! – жиIащ абы.

Къэдгъэлъагъуэмэ, «Эльбрус» дзэ зэгухьэныгъэм и япэ гупым хэхуащ республикэм и къулыкъущIапIэ зыбжанэм щылажьэхэри. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Урысейм и суд приставхэм я федеральнэ IуэхущIапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм щыщхэри.

- Нобэ дэ идогъажьэ ди лэжьэгъуу икIи ди ныбжьэгъуу къэтлъытэхэм ящыщу щIалиплI. Шэч лъэпкъ къыхэдмыгъэкIыу, пщIэ нэхъ зыхуэфащэхэм, хэкупсэхэм яхыдобжэ ахэр. А къулыкъущIэхэр икIи офицерхэр алъандэрэ пэжым и телъхьэу зи яужь итар цIыхухэм, IуэхущIапIэхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэхэр хабзэм тету зэкIэлъыгъэкIуэныр арамэ, иджы абыхэм мурад ящIащ къэралыр зыпэрыт дзэ Iуэху хэхами я зэфIэкI щагъэлъэгъуэну. Си фIэщ мэхъу здэкIуэм ди щIалэхэр адрей зауэлIхэм щапхъэ яхуэхъуу зэрахэтынури республикэм и пщIэр зэрыщаIэтынури, - жиIащ Тэнащым.

Сэлэт фащэхэмкIэ зэщыхуэпыкIауэ, махуитI-щыкIэ зрикъун гъуэмылэкIэ къызэгъэпэщауэ ирагъажьэхэмрэ ахэр гъуэгу тезыгъэхьэхэмрэ зэгъусэу сурэтхэр зытрагъэхащ, псалъэ гукъинэжхэр зэжраIащ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# ЛIыхъужьхэм я фэеплъ пхъэбгъу

**Налшык къалэ дэт 10-нэ курыт еджапIэм «О той весне» зыфIаща зэхыхьэ щрагъэкIуэкIащ.**




АР ТЕУХУАТ пэжыгъэм и телъхьэу, Хэкум папщIэ лIыхъужьыгъэ къэзыгъэлъагъуэу, зи псэр зыта Дзэгъащтэ Аслъэнрэ Стадник Денисрэ. Школ щIыхьэпIэм и зы плIанэпэм деж а школым щеджауэ щыта, СВО-м хэкIуэда а щIалитIым я щIыхькIэ фэеплъ пхъэбгъухэр блыным щыфIадзащ. Iуэхур къызэгъэпэщынымкIэ жэрдэмщIакIуэхэр а школым и унафэщI Байрамуковэ ФатIимэрэ абы къыдэлажьэхэмрэщ.

Зэхыхьэм хэтащ хэкIуэдахэм я адэ-анэхэр, я благъэхэр, Налшык къалэ администрацэм цIыхухэм щIэныгъэ гуэдзэн етынымкIэ, гъэсэныгъэмрэ жылагъуэм хэзэгъэнымкIэ и депортаментым и къудамэм и унафэщI Тхьэгъэпсо Светланэ, «Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ къудамэм и гъэзэщIакIуэ секретарь Адыгэунэ Анжелэ, хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр.

Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гимнхэр къеуа нэужь, зэIущIэр къызэIуахащ. ЛIыхъужьхэм я цIэ-унэцIэр зытет фэеплъ пхъэбгъухэр къызэIухыныр ирырагъэхьэлIащ Урысейм и ЛIыхъужьхэм я махуэм, дыгъэгъазэм и 9-м. ЕджапIэм щыщу къэпсэлъахэм къекIуэлIахэр щыгъуазэ ящIащ Дзэ Iуэху хэхам хахуагъэ къыщагъэлъагъуэу зи щхьэ хэзылъхьа щIалэхэм дунейм къыщытехьа илъэсым къыщыщIэдзауэ къапсэуам къриубыдэу я къекIуэкIыкIам.

Дзэгъащтэ Аслъэн Андзор и къуэр 1997 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м Налшык къалэ къыщалъхуащ. 2004 гъэм ебгъуанэ классыр фIы дыдэу къиухри, Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжым юрист IэщIагъэм щыхуеджэну щIэтIысхьащ. Армэм щраджэм, еджапIэ зыщIэсым заочнэ зригъэщIащ. Къулыкъур ирихьэкIа нэужь, Владикавказ дэт дзэ частым кIуащ икIи 2020 гъэм зэгурыIуэныгъэм (контрактым) Iэ щытридзащ. СВО-р къэхъея нэужь, Украинэм кIуэну и гуращэт, ауэ, анэм къищIэмэ гузэвэнути, щэхуу яхыхьащ. Зи пашэ гупым 2025 гъэм и мэлыжьыхьым бийм яIыгъ щIыналъэр къыщыIэщIагъэкIым, Аслъэн уIэгъэ хьэлъэ хъуауэ щытащ. А щIыпIэр къэзызэуахэм псэемыблэжу зэрахэтам и щыхьэту «ЛIыгъэрэ хахуагъэрэ зэрызэрихьам папщIэ» медалыр къратауэ щытащ.

Дзэгъащтэр, и узыншагъэр зэфIэувэжа нэужь, аргуэру хыхьэжащ мафIэм. Донецк Республикэм и Краматор районым хиубыдэ Александрэ, Калиновэ къуажитIым я зэхуакум щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэм хэкIуэдащ ар.

Дзэгъащтэ Аслъэн «ЛIыгъэм и орден» къыхуагъэфэщащ (мыпсэужу). Гу къабзэ-псэ къабзэ зыбгъэдэлъа, набдзэгубдзаплъэ-нэфIэгуфIэу щыта щIалэр я гум фIыкIэ къинащ и благъэIыхьлыхэм, и ныбжьэгъухэм, къыдеджахэм.

Стадник Денис Сергей и къуэр 1991 гъэм мазаем и 10-м Налшык къалэ къыщалъхуащ. 2006 гъэм школыр къиухри, Къэбэрдей-Балъкъэрым экономикэмрэ правэмкIэ и лицейм щIэтIысхьащ. Ар ехъулIэныгъэкIэ къиухауэ, 2009 гъэм ираджащ армэм. КъэкIуэжа нэужь, 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м щыщIэдзауэ 2012 гъэ пщIондэ, Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэм щылэжьащ.

2014 гъэм Налшык дэт дзэ частым зэгурыIуэныгъэм Iэ щытридзащ.

Къэралым и дзэ зэщIэузэдахэм псы есынымкIэ Кавказ Ищхъэрэм щрагъэкIуэкIа зэпеуэм Денис етIуанэ увыпIэр къыщихьауэ щытащ. ИужькIэ, щIалэр зыхэта дзэ пакIэм и унафэщIхэм абы хуагъэлъэгъуащ и къулыкъур Ставрополь щыIэ частым щрихьэкIыну. ЩIалэщIэм и хъуэпсапIэт хьэуа-десантыдзэм къулыкъу щищIэнуи, псалъэ къыхимыгъэкIыу абы кIуащ.

Украинэм къыщыхъея зэпэщIэувэныгъэм япэ дыдэ кIуахэм ящыщщ Денис. Ар хэтащ десант-ебгъэрыкIуэ гупым.

Бийр къауэри, штабым связымкIэ и автомобилыр зэхикъутат. Абы иужь иту къащебгъэрыкIуэм, сэлэт 13-мрэ абыхэм я дзэ пашэмрэ зэхэуэ гуащIэм хэхуат. УIэгъэ хъуа ди цIыхухэм кIуапIи-жапIи кърамыту, тегушхуэгъуафIэ ящIауэ, къаухъуреихьыныр я гуращэу. Денисрэ и гъусэмрэ къекIуэкIыр щалъагъум, я ныбжьэгъухэр кърагъэлыну щIэпхъуащ. Стадникым связыр зэрыхузэфIэкIым хуэдэу зэригъэпэщыжри, телефонкIэ дэIэпыкъуэгъу къриджащ. Абы и фIыгъэкIэ ди зауэлIхэр къелащ.

2022 гъэм гъатхэпэм и 2-м и пщыхьэщхьэм Денис зыхэт гупым бий ерур къахэуат. Абдеж зы щIалэр, и лъакъуэм лъыпсыр къыпыжу, уIэгъэ хьэлъэ щыхъуати. Денис щыгъ кителым и зы Iыхьэ къыпитхъри, ныбжьэгъум и уIэгъэр хуипхащ. Пщэдджыжьыпэм дохутырхэр къакIуэу къащтэжыху, ар абы бгъэдэсащ. ЩIалэ хъыжьэр къимыкIуэту сытым дежи дэIэпыкъуэгъу цIыхум хуэхъуфырт.

2022 гъэм гъатхэпэм и 3-м къэхъуа зэхэуэ гуащIэм, ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдиз лIыгъэрэ хахуагъэрэ къэзыгъэлъэгъуа Стадник Денис хэкIуэдащ. Ауэ ар зыцIыхуу щытахэм, и благъэ-Iыхьлыхэм зэи ящыгъупщэнукъым щIалэ ахъырзэманым и гъащIэ мащIэм къриубыдэу хузэфIэкIар.

АдэкIэ псалъэ иратащ Тхьэгъэпсо Светланэ.

- ЖысIэнур къысхуэгупсысыркъым - къригъэжьащ зи нэпсыр хуэфIу къыщIэува бзылъхугъэм. - Гуауэщ уи бын щIэплъхьэжыныр. - Ерагъыу зызэтриубыдэжри, Светланэ и псалъэм къыпищащ:

- Хэку зауэшхуэм и дыркъуэр хэгъуэщэжакъым, ар узыфэу цIыхухэм япкърытщ иджыри. Ауэ, адэшхуэ-анэшхуэхэм ялъ зыщIэт щIэблэр, аргуэру къэралым шынагъуэ къыщыщхьэщыхьэм, шыщхьэмыгъазэу бийм пэщIэуващ. Мы щIалитIми, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу, я щхьэр халъхьащ цIыхум и хуитыныгъэм папщIэ. Ахэр къэзылъхуа, зыпIа адэ-анэхэм фIыщIэ ин фхудощI. Мыпхуэдэ гукъутэм фи пкъыр щIимыгъалIэу, фи къарур Тхьэм пигъэлъэщ. КъинэмыщIауэ, ныбжьыщIэхэми зыфхуэзгъэзэну сыхуейщ: Аслъэнрэ Денисрэ мы школым щеджащ, ахэр фи щапхъэу, зэрахьа лIыгъэр фщымыгъупщэу, хабзэмрэ нэмысымрэ фи Iэпэгъуу, гъащIэм лъэ быдэкIэ хэувэн дэтхэнэ зыри Тхьэм фищI, - жиIащ Светланэ.

Тхьэгъэпсом и псалъэм къыпищащ Адыгэунэ Анжелэ.

- Сэри фIыщIэ ин яхуэсщIыну сыхуейщ мы зэхыхьэр къызэзыгъэпэщахэми нобэ къытхэмытыж лIыхъужьитIыр къэзылъхуа адэ-анэхэми. - Зи гур къызэфIэна цIыхубзым ерагъыу къыдришеящ. - Тхьэм IэтыгъуафIэ фщищI! НыбжьыщIэхэм гущIэгъу Тхьэм къыфхуищI!

Курыт еджапIэм и унафэщI Байрамуковэ ФатIимэ къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ. ПсэлъапIэм къиува ФатIимэ и нэпсыр хуэубыдыртэкъым.

- ФIыщIэшхуэ фхузощI а щIалэ хъыжьэхэр зыгъэса адэ-анэхэм. Нобэ къытхэмытыж щIалитIыр мы школым щеджащ, зэрыцIыкIурэ ди нэIэм щIэтащ, губгъэн зыхудамыгъэщIу, нэфIэгуфIэу, пщIэрэ нэмысрэ яхэлъу къэтэджащ. Сэ сыкъапщтэмэ, абыхэм я щымыIэжыныгъэм Iейуэ сегъэгумэщI. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, лIэныгъэм и деж псори дыIэмалыншэщ. Ди еджапIэр щытыху, щIалэхэм я фэеплъ пхъэбгъухэр мыбдеж фIэлъынущ, сабийхэм я щапхъэу, зыцIыхуу щытахэм, еплъыху, ягу къагъэкIыжу. - жиIащ абы.

ФатIимэ и псалъэр иухащ Кулиев Къайсын и «Пусть никогда не умирают дети» усэмкIэ.

Къызэхуэсахэр ЛIыхъужьхэм я махуэм папщIэ зы дакъикъэкIэ щыгъуа нэужь, удз гъэгъахэр фэеплъ пхъэбгъухэм тралъхьащ.



**КЪАНКЪУЛ Раисэ.**




# ЗэIущIэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

**Дыгъэгъазэм и 10-м Налшык къалэм щекIуэкIащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и президиумым и зэIущIэ. Абы щыхэплъэжащ 2025 гъэм яхузэфIэкIам, етIанэгъэ зэлэжьыну яубзыхуар утыку кърахьащ, мыгувэу зэхашэну зэIущIэшхуэм зэрыхуэхьэзырри къапщытащ.**

ЗЭIУЩIЭР иригъэкIуэкIащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и щIэныгъэлI секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий. Абы хэтащ ЩIДАА-м и президентым и къуэдзэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Гъут Iэдэм, лъахэхутэ Котляров Виктор, академием и къудамэхэм я унафэщIхэр.

- ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием илъэс псом длэжьам дыщриплъэж зэIущIэшхуэр мы гъэм техуэну худогъэфащэ дыгъэгъазэм и 16 - 18-хэм. Академием и IуэхущIапIэм цIыху 50 нэхърэ мынэхъ мащIэ къекIуэлIэну, адрейхэр видео занщIэкIэ къытхыхьэну дубзыхуащ. НобэкIэ а зэIущIэм дыхуэхьэзыру жыпIэ хъунущ: къудамэу диIэм я унафэщIхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм зэпкърыхауэ щытепсэлъыхь тхыгъэхэр къатащ, зы закъуэм къищынэмыщIа. Ари мыгувэу къытIэрагъэхьэну дыпоплъэ. ЩIДАА-м Краснодар крайм, Адыгэ Республикэм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Абхъазым щиIэ къудамэхэми зэфIаха Iуэхухэр къыщапщытэжа тхыгъэ къытIэрыхьащ. Академием и унафэщI Къанокъуэ Арсен мы къулыкъум тету дызэрылажьэ илъэсиплIым тхузэфIэкIар мащIэкъым. Гу лъыстэну сыхуейт а псори республикэм щыIэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я фIыгъэкIэ цIыхубэм зэралъэIэсыжыр. Псом хуэмыдэу «Адыгэ псалъэ» газетыр къыдолIалIэ, абы тхыгъэ 20-м щIигъу къытехуащ. Абы папщIэ фIыщIэ хуэсщIынут газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэчрэ зэпымычу къыддэлажьэ корреспондент Фырэ Анфисэрэ, - жиIащ Щхьэгъэпсом.

Секретарь нэхъыщхьэм зэригъэбелджыламкIэ, академием хэт щIэныгъэлIхэр зэлэжьыр къызытрагъэадзэ, ахэм я къэхутэныгъэхэр япэ дыдэу утыку къызэрырахьэ журналу ЩIДАА-м къыдигъэкIырщ зэгухьэныгъэм лэжьыгъэу зэфIахыр къэзыгъэлъагъуэр. А журналым и зи чэзу къыдэкIыгъуэри хьэзырщ, мыгувэуи дунейм къытехьэнущ.

2025 гъэм академием ищIэфамрэ тхылъу къыдигъэкIамрэ кIэщIу тепсэлъыхьа нэужь, Щхьэгъэпсор къытеувыIащ дызытехьэ 2026 гъэм ялэжьыну яубзыхуахэм:

- Егъэлеиныгъэ хэмылъу жыпIэмэ, мы гъэм длэжьа псом къыхэлыдыкIыр «Нартхэр. Адыгэ эпос» тхылъиплIыр дунейм къызэрытехьарщ. Лъэпкъыр дызыхуэныкъуа, щIэныгъэлI гуп илъэс бжыгъэкIэ зэлэжьа, адыгэ тхыдэмрэ IуэрыIуатэмрэ я дыщэ пхъуантэм хуэчэму куэд дыдэрэ дызыпэплъа тхылъщ ар. Псоми къыдбгъэдэкIыу, къытезгъэзэжурэ, Къанокъуэ Арсен фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейт. Абы и фIыгъэщ лъэпкъым мы тхылъхэр иIэ зэрыхъуар, - жиIащ щIэныгъэлIым.

2026 гъэм зэрытехьэу, академием и лэжьыгъэм жыджэру пищэнущ, къапсэлъам тепщIыхьмэ. ЩIышылэ мазэм зэхэтынущ академиер зэлэжьыпхъэу яубзыхуам убгъуауэ щытепсэлъыхьыну зэIущIэр. А мазэм елэжьын щIадзэнущ «Доклады АМАН» журналым и 1-нэ къыдэкIыгъуэм. Анэдэлъхубзэр хъумэнымрэ зегъэужьынымрэ и 8-нэ дунейпсо щIэныгъэ-методологие зэIущIэр мазаем зэхашэну я гугъэщ. «Лъэпкъ медицинэмрэ нобэрей махуэмрэ» зыфIаща зэIущIэр гъатхэпэм екIуэкIыну хуагъэфащэ. «Абхъазхэмрэ адыгэхэмрэ: зы тхыдэ, зы щэнхабзэ» дунейпсо конференцыр мэлыжьыхьым, «Адыгэшым и тхыдэмрэ нобэрэ» «Iэнэ хъурейр» - бадзэуэгъуэм, къинэмыщI зэIущIэ щхьэпэхэм елэжьыну и мурадщ академием. КъищынэмыщIауэ, Адыгэ Республикэм щызэхашэ «Адыгэ хабзэ» щIалэгъуалэ лагерым и зи чэзу лэжьэгъуэми ЩIДАА-м и щIэныгъэлIхэр хэтыну яубзыхуащ.

Академием и мылъкукIэ къыдагъэкI тхылъхэм щытепсэлъыхьым, Щхьэгъэпсом жиIащ 2026 гъэм тхылъ 11 дунейм къызэрытехьэнур. Ахэр теухуауэ щытынущ этноботаникэм, щIыуэпсым, щэнхабзэм, гъуазджэм, тхыдэм.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ ЩIДАА-м хэт, тхакIуэ, публицист Котляров Виктор:

- ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм хиубыдэу къысщохъу адыгэ щIалэгъуалэм я анэдэлъхубзэр зэраIэщIэхур къызэтегъэувыIэныр. АбыкIэ сэбэп хъунущ тхылъ гъэщIэгъуэнхэр, щхъуэкIэплъыкIэхэр. Псалъэм папщIэ, адыгэбзэкIэ тха псысэхэр. ЖыдоIэ бзэр мыкIуэдыжын папщIэ абы унагъуэм ущрипсэлъэн, сабийхэр цIыкIу щIыкIэ яIурыплъхьэн хуейуэ. Ауэ девгъэгупсысыт: дапщэщ иужь дыдэу апхуэдэ тхылъ къыщыдэкIар? ЩыIэ псысэ тхылъ зи унагъуэ илъхэр? ЩыIэщ тхылъ, академием Iэмал имыIэу къыдигъэкIын хуейуэ. Абыхэм ящыщщ зи гугъу сщIы лIэужьыгъуэхэри. Щхьэ къыдэдгъэкIыж мыхъурэ адыгэ IуэрыIуатэри?! - жиIащ абы.

Гъут Iэдэм тепсэлъыхьащ «Нартхэр. Адыгэ эпос» тхылъиплIым лэжьыгъэу ирахьэлIам.

- 2007 гъэм къетхьэжьауэ щытащ мы тхылъым и Iуэхур. Езанэ Iыхьэр 2011 гъэм къыдэдгъэкIащ, ауэ етIуанэмрэ ещанэмрэ папщIэ мылъку дымыгъуэту, и электрон теплъэр институтым и сайтым къитлъхьэри, абыкIэ зэфIэдгъэкIат. Ауэрэ еплIанэри хьэзыр хъуащ, ауэ 50 фIэкIа къытхудэмыгъэкIыу дыкъыщынэм, аргуэрыххэти, и электрон теплъэр хэIущIыIу тщIащ. Нало Заур деж къыщегъэжьауэ, щIэныгъэлI зыбжанэм зэдатха тхылъщ мыр. Ар зэрыгугъуехьышхуэм къищынэмыщIауэ, нэщхъеигъуэшхуэщ апхуэдэ щIэиныр къызэрыдэдгъэкIын мылъку дымыгъуэту дыкъызэрызэхэнар. Къанокъуэ Арсен и фIыгъэкIэ нэхуапIэ хъуащ ди хъуэпсапIэхэр. Лъэпкъым ди дыщэ тажу адыгэ эпосыр зэрыт тхылъиплIыр ди Iэм IэщIэлъщ. Лъэпкъыр лъэпкъ дызыщIыж щэнхабзэр, бзэр, тхыдэр тхуэмыхъумэжмэ, тхуэмыгъэкIуатэмэ - дэри дыщыIэжынукъым. Дэтхэнэми IэщIагъэ зырыз диIэщи, абы нэхърэ нэхъапэ щымыIэу къытщыхъуу допсэу цIыху цIыкIур. Сэ си IэщIагъэм теухуауэ япэ изгъэщри сызыхуэлажьэри лъэпкъыр аращи, нарт эпосыр, уэрэдыжьхэр, псысэхэр, хъыбарыжьхэр, хабзэр, дауэдапщэхэр тхауэ димыIэмэ, дызэрыщыIам и зы щыхьэти къытхуэмынам хуэдэщ. ФIыгъуэр къыхуищIэ академием и президентым, адыгэ лъэпкъым и бын пажэу ди цIэр фIыкIэ зыгъэIум! - жиIащ абы.

Президиумыр зытепсэлъыхьа Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ унафэ пыухыкIахэр къащтащ. ЗэIущIэм кърихьэлIахэм тыгъэ хуащIащ «Нартхэр. Адыгэ эпос» тхылъ гъэщIэрэщIахэр.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

## Мы махуэхэм

**Дыгъэгъазэм и 13,**
***щэбэт***

♦**1920 гъэм** Лъэпкъхэм я Лигэм Гаагэ къыщызэригъэпэщащ дунейпсо хеящIэ IуэхущIапIэ.
♦**1926 гъэм** Совет къэралыгъуэм щыяпэу абы цIыхуу исыр бжын щыщIадзащ.
♦**1949 гъэм** Налшык щекIуэкIащ КъАССР-м и цIыхубз ныбжьыщIэхэм я XI зэхуэс.
♦**1991 гъэм** Налшык щекIуэкIащ КъБР-м ис лъэпкъхэм я лIыкIуэхэм я зэхуэс.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм къешхкъесу щыщытынущ. махуэм хуабэр градуси 7 - 8, жэщым щIыIэр градуси 3 - 4 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 14,**
***тхьэмахуэ***

♦**1695 гъэм** къэралым и пащтыхь Пётр Езанэм къыхилъхьэри, адыгэпщ Черкасский Михаил Алигъуокъуэ и къуэр Урысейм и генералиссимусу хахат.
♦**1816 гъэм** къалъхуащ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр щIэныгъэм тету джыным япэу зезыпщытахэм ящыщ, адыгэбзэм, абхъазыбзэм, шэшэныбзэм я алфавит зэхэзылъхьа **Услар Пётр**.
♦**1936 гъэм** къалъхуащ дирижёр, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Бекъул Леонид.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 15,**
***блыщхьэ***

♦**Шейм и дунейпсо махуэщ**
♦**УФ-м и Дзэ-хьэрш къарухэм я Радиотехникэ дзэхэр къыщызэрагъэпэща махуэщ**
♦**Зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда журналистхэм я фэеплъ махуэщ**
♦**1917 гъэм** Дзэ Плъыжьым и япэ нагъыщэр - Вагъуэ Плъыжьыр къащтащ.
♦**1921 гъэм** РСФСР-м и ВЦИК-м и деж Къэбэрдей автоном областым и лIыкIуэ щыIэныр хабзэу гъэуващ.
♦**1912 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБАССР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Балъкъэр Мыхьэмэт**.
♦**1922 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, публицист **Джэдгъэф Аслъэмырзэ**.
♦**1925 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мамбэт Хьэлым**.
♦**1928 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Дзу Iэбубэчыр**.
♦**1931 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Ло Инал**.
♦**1951 гъэм** къалъхуащ УФ-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм хэт, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэзан Аслъэнджэрий**.
♦**1951 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Мыз Мае**.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 4, жэщым градус 0 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**ЗыкIэрымылъ пэ лъагэ, зибг имылъ къудан.**

# Илъэсым пежьэу

**«ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэ «Коммунальнэ инфраструктурэр егъэфIэкIуэн» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыхухэр псы къабзэкIэ къызэзыгъэпэщ и объекту 22-рэ мы гъэм къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ. Абы хиубыдэнущ республикэм и муниципалитет 14-мрэ къали 4-мрэ я щIыпIэхэр.**

АРУАН щIыналъэри программэм хагъэхьащ, къызэрыхах зэхьэзэхуэхэм пхыкIа иужь. Иджы, абы и жылэхэр псы къабзэкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр мыгувэу яублэнущ. Псалъэм папщIэ, дызыхыхьэ илъэсым Мэрзэхъу къуажэм зы километрым нэблагъэ зи кIыхьагъ и Свободэ уэрамым и бжьамийхэр щызэрахъуэкIынущ.

Лэжьыгъэхэр зэфIэкIа нэужь, псы къабзэр зэпымыууэ яIэрыхьэнущ къуажэдэс 1200-м щIигъум. IэщIагъэлIхэм къызэрыхагъэщамкIи, абыхэм къагъэсэбэпынур пIалъэ кIыхькIэ щIым щIэлъыну иджырей бжьамийхэм хуэдэщ.

Апхуэдэу лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ Къэхъун къуажэм и ипщэ-къуэкIыпIэмкIэ щыIэ хьэблэм. Мыбы щаукъуэдиинущ псы къабзэр зэбгрызытыкI бжьамийхэр, псори зэхэту километри 9-м нэблагъэ. Иджыпсту лэжьакIуэхэм яубзыху къапэщылъ лэжьыгъэхэмрэ ахэр щекIуэкIыну щIыпIэхэмрэ. Лэжьыгъэхэр зэфIэкIа нэужь, къуажэдэс 1200-м псы къабзэр зэпымыууэ яIэрыхьэнущ.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.**



## ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд:

# Лъэпкъым ехьэлIа Iуэхугъуэ куэдым яужь дитщ

*ЛЪЭПКЪЫР зэкъуэзыгъэувэ, абы и зыужьыныгъэм хуэлажьэ, и къэкIуэнур зыубзыху, и лъапIэныгъэхэр зыIэт зэгухьэныгъэщ Къэбэрдей Адыгэ Хасэр. Абы и нэIэ щIэт Iуэхухэр зэхьэлIар республикэм исхэм я закъуэкъым, атIэ хэгъэгу зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм жыджэру ядолажьэ, хамэ къэралхэм щикъухьа шэрджэсхэм я Iуэху зытет зэрегъащIэ. Жылагъуэ зэгухьэныгъэм 2025 гъэм зэфIигъэкIа Iуэхугъуэхэм, дяпэкIэ къыпэщылъ къалэнхэм, махуэ къэс иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм тедгъэпсэлъыхьыну зыхуэдгъэзащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м, АР-м, КъШР-м щIыхь зиIэ я журналист, ЩIДАА-м и вице-президент, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт ХьэфIыцIэ Мухьэмэд Мусэбий и къуэм.*

**- Мухьэмэд, илъэсым и кIэм деж зэфIагъэкIахэр къапщытэжу хабзэщ. 2025 гъэр дауэ екIуэкIа Къэбэрдей Адыгэ Хасэм дежкIэ, сыт хуэдэ Iуэху щхьэпэхэр хуилэжьа лъэпкъым?**

- 2025 гъэр къызэрыгуэкI илъэстэкъым ди дежкIэ. ЛIэщIыгъуэ плIанэ ирокъу Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу сызэрылажьэрэ, апхуэдизи мэхъу ноби ехъулIэныгъэхэр иIэу КъБР-м щекIуэкI, дэ къызэдгъэпэща «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэр. Абы къыхэкIыу, зы илъэс дриплъэж мыхъуу, зи гугъу сщIа пIалъэм зэфIэдгъэкIахэр къыдопщытэж. Фигу къэзгъэкIыжынщи, республикэ зэпеуэр илъэс 24-кIэ зи редактор нэхъыщхьэу сылэжьа «Адыгэ псалъэ» газетымрэ КъАХ-мрэ 1999 гъэм къыхалъхьэри, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэр ди гъусэу едгъэкIуэкIыу щытащ. Иджыблагъэ Псынабэ къуажэм драгъэблагъэри, дыхэтащ ехъулIэныгъэхэр иIэу екIуэкI фестиваль-зэпеуэм. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, министерствэм и Iуэхущ!апIэу егъэджакIуэхэм я IэщIагъэм и фIагъым щыхагъахъуэ центрым и унафэщI Къэжэр Артур, Аруан районым унафэр щызезыхьэхэр, КъБКъУ-м и лIыкIуэхэр, егъэджакIуэ лъэрызехьэхэр хэтащ абы, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм нэмыщI, Европэм щыIэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ Вэрокъуэ Затии здэтшащ а зэхыхьэм. Теувэ Иринэ зи унафэщI Псынабэ курыт школым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ и гъусэу адыгэ хабзэм, Iуэрыуатэм, щэнхабзэм теухуа щIэныгъэрэ гъэсэныгъэмрэ цIыкIухэм зэрыщратыр нэрылъагъу тщащIащ а махуэм. Апхуэдэу дахэу зэпеуэр мы гъэм щекIуэкIащ Къэрэгъэш, Аушыджэр, Сэрмакъ,Къулъкъужын Ищхъэрэ, Налшык дэт курыт еджапIэхэм, нэгъуэщIхэми.

Дэ къетхьэжьа Iуэхум ноби нэхъри зиубгъуауэ къызэрыпащэм ущымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Мы Iуэху дахэм гуащIэ ин хэзылъхьа, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм лъэпкъыбзэхэмкIэ и къудамэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ и нэIэ щIэту щылэжьа, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ пщIэ зиIэ и лэжьакIуэ Балэ Людмилэ и жэрдэмкIэ, «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестивалыр къызэрыунэхурэ илъэс 25-рэ зэрырикъур шыщхьэуIум Кэнжэ ЩэнхабзэмкIэ и унэм щыдгъэлъэпIащ мы гъэм.

**- Фестивалыр зы Iуэху дахэу лъэпкъ, республикэ гъащIэм хыхьа хъуащ. Апхуэдэ дыдэу КъАХ-м къыхилъхьауэ, лъэпкъыр гуфIэгъуэкIэ щIызэхыхьэ щхьэусыгъуэхэр диIэ хъуащ.**

- Узэкъуэтмэ, улъэщщ, - жиIащ адыгэм. Ди гуфIэгъуэхэр зэдэтIэту, ди гукъеяуэхэр зэдэдгуэшу дыкъызэдекIуэкIмэщ, ди Iуэхухэр ипэкIэ щыкIуэтэнур. Абы ипкъ иткIэ, мыхьэнэшхуэ яIэщ лъэпкъ махуэшхуэхэм. Апхуэдэхэм ящыщу къыхэбгъэщ хъунущ КъАХ-м къыхилъхьэурэ лъэпкъым и махуэшхуэ зыбжанэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм, КъБР-м и УнафэщIым зэрагъэувар. Ахэр мыращ: «Адыгэ ныпым и махуэр» (2010), «Адыгэ фащэм и махуэр» (2013), «Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр» (2014), «Адыгэшым и махуэр» (2015), «Нарт эпосым и махуэр» (2018). А псори хуолажьэ ди хэкур, лъэпкъыр ефIэкIуэным, зи тхыдэр, хабзэр, къызыхэкIар зыщIэж щIэблэ узыншэ адыгэм къытщIэхъуэным.

**- КъАХ-м махуэ къэс иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм ящыщу сыт хуэдэхэр къыхэбгъэщынт?**

- Зы махуи къанэркъым дэ лэжьыгъэ гуэрым иужь димыту, республикэм щекIуэкI жылагъуэ Iуэхухэм дыхэмыту, лъэпкъым и зыужьыныгъэм дыхуэмылажьэу. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, ди тхакIуэхэм, усакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм - лъэпкъ интеллигенцэм щыщхэм я юбилейхэр блэдгъэкIыркъым. Апхуэдэу 2025 гъэм дгъэлъэпIащ щIэныгъэлIхэу БакIуу Хъанджэрийрэ Щхьэгъэпсо Сэфарбийрэ я юбилейхэр. Дэ дыхэтащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум теухуауэ Зеикъуэ щекIуэкIа дауэдапщэхэм, Адыгэ Iуэрытхым, Адыгэбзэм и махуэу Кэнжэ къыщызэрагъэпэщам, егъэджакIуэ 47-м пщIэ яхуэтщIащ. Апхуэдэуи мы гъэм Зеикъуэ къуажэр илъэс 410-рэ мэхъури, абы и тхыдэм теухуа тхыгъэхэр журналхэм, газетхэм къытрыдогъадзэ. Мы гъэм Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къудамэщIэ щиухуащ Лашынкъей къуажэм.



КъАХ-м къызэригъэпэща Нэхъыжьхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу хэтхащ Къэзан Сетхьэлий, ЩIалэгъуалэ къудамэ къызэдгъэпэщри, Хъыжьрокъуэ Азэмэт и унафэщIу дгъэуващ.

Ди хъуэпсапIэщ Адыгейм къыщыдагъэкIа, Адыгэ Хабзэр курыт школым зэрыщрагъэдж тхылъхэм хуэдэ дэри ди республикэм къыщыдагъэкIыну. АбыкIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутии, нэгъуэщI къэрал къулыкъущIэхэми захуэдгъэзащ. КъищынэмыщIауэ, коллекционер цIэрыIуэ Тхьэкъуахъуэ Iэуес сабийхэм папщIэ къыдигъэкIа, жыгыцIэхэр, къэкIыгъэцIэхэр, мывэцIэхэр зэрыт тхылъ 30-м щIигъур щигъэхьэзырым дыдэIэпыкъуащ.

Хасэм и IуэхущIапIэм куэд къыщIохьэ, лъэIукIэ зыкъытхуагъазэу. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми дызэрыдэIэпыкъуным яужь дитщ, сыт хуэдизу я Iуэхур гугъуу щымытми. Псалъэм папщIэ, иужьрей илъэсхэм къриубыдэу ди лъэпкъэгъуу хамэ къэралхэм щылIауэ цIыхуитI къедгъэшэжащ. Фэри фощIэ ар Iуэху къызэрыгуэкIыу зэрыщымытыр, ахъшэшхуи зэрытекIуадэр. Унагъуэхэм яхузэфIэмыкIыр ди къуэшхэм къыхалъхьэу, ди республикэм и унафэщIхэри хамэ къэралхэм щыIэ Хасэхэм я тхьэмадэхэри къызэщIэдгъэуIуэурэ зэфIэдгъэкIащ ахэр.

**- Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэр къыщыдгъэлъагъуэкIэ, иджыри зэ фIыщIэ пхуэсщIыну сыхуейт «Адыгэ псалъэ» газетыр илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу бзэм ирилажьэхэм къытхуэпщIа гулъытэм папщIэ.**

- Къэбэрдей Адыгэ Хасэм дыщэ, дыжьын медалхэр иIэщ лъэпкъым хуэлажьэхэр иригъэпажэу. КъБР-м и хъыбарегъащIэ IэнатIэм пэрытхэу анэдэлъхубзэкIэ лажьэхэм куэд елъытащ бзэр хъума хъунымкIэ, зиужьынымкIэ. Сэ апхуэдиз илъэскIэ сызиунафэщIу щыта «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэм я къалэмыр зэрагъабзэм иджыри сыкIэлъоплъ, газетым и ехъулIэныгъэхэм сыщогуфIыкI. Мызыгъуэгум дгъэпэжащ ЖьэкIэмыхъу Маринэ, Истэпан Залинэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Къаныкъуэ Анфисэ, Къарей Элинэ, газетым щылэжьа, иджы «1 КъБР» телеканалым щыIэ Жылокъуэ Люсанэ сымэ, коллекционер цIэрыIуэ Тхьэкъуахъуэ Iэуес, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Балэ Людмилэ сымэ. Адыгэбзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэным, зегъэужьыным зи гуащIэ хэзылъхьэ нэгъуэщI куэдми гу ялъыттэну дяпэкIэ ди мурадщ.

**- Мухьэмэд, адыгэм бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр щыхъума тхылъ куэд къыдэбгъэкIащ. Иджыри тхылъыщIэхэр уи пащхьэ илъу солъагъу.**

- Мы томиплIыр ЗэрамыщIэ Заретэ ейуэ къыдэдгъэкIащ, етхуанэр догъэхьэзыр. Мыбы уэрэдхэм я закъуэкъым итыр, атIэ абыхэм я нотэхэри къигъуэтыжащ, зытхахэм я биографиехэр зэхуихьэсыжащ, хуабжьу лэжьыгъэшхуэ ирихьэлIащ Заретэ Iуэху дахэм. Мыр лъэпкъым дежкIэ хъугъуэфIыгъуэ мыкIуэдыжынщ. Абы къищынэмыщIауэ, сэ нэхъ сызэлIэлIар хамэ къэралхэм къыщыхъуа ди лъэпкъэгъу уэрэдусхэращ. Къущхьэ Догъэни, АфэщIыж Амини, ЦIывынэ Хьэмиди, нэгъуэщI куэдми я IэдакъэщIэкIхэр итщ тхылъхэм ящыщ зым. Догъэн и закъуэ ейуэ уэрэд щэ ныкъуэм нэс ихуащ абы. АбыкIэ хуабжьу арэзы сыхъуащ. Заретэ хуэдэу мы Iуэхум зи гур, зы лыр хуэуз димыIамэ, мыпхуэдэу зэрыIыгъыу, мыхэр ди пащхьэ илъынутэкъым.

Абы къищынэмыщIауэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ и IэдакъэщIэкI зыкъом къэбэрдеибзэкIэ зэдзэкIауэ къыдэдгъэкIащ дэ. Къармэ Iэсият зэридзэкIа Къэнжал зауэм теухуа романымрэ НэщIэпыджэ Замирэ зэридзэкIа «Уафэнэ» романымрэ зэман гъунэгъум къыдэдгъэкIыну ди мурадщ. Абы къищынэмыщIауэ, адыгэм къыхэкIауэ Тыркум яIэ тхакIуэ цIэрыIуэ, Нобель саугъэтыр зыхуагъэфэща Памук Орхьэн и роману Ныбэжь Таисэ зэридзэкIар дунейм къытедгъэхьэну иужь дитщ.

**- Уэ адыгэ Iуэхум хэплъхьэ гуащIэм и зы Iыхьэщ тхылъу уи Iэдакъэ къыщIэкIар. Псом хуэмыдэу цIыхухэм ягу ирохь «Черкесика» сериер, и цIэр зэрыдахэм ещхьу зытеухуахэри гъуэзэджэу тхылъ зыкъом уиIэщ, абыхэм къыпыпщэну иджыри?**

- Тхылъ къыдэгъэкIыным теухуауэ проект нэхъ ину диIэщ «Черкесика» сериер. «Черкесика» щIыфIэсщар, урысхэм - «Руссика», инджылызхэм «Британика» жиIэу яIэти, сэри ар екIуу къэслъытащ ди лъэпкъым иIэну. Илъэси 10-м нэблагъэ и ныбжьщ абы. А пIалъэм къриубыдэу тхылъ куэд дунейм къытехьащ. Япэ томыр ДАХ-м и япэ тхьэмадэ, лъэпкъыр зэрыгушхуэ адыгэлI Къалмыкъ Юрэ теухуащ. ЕтIуанэм итщ Лермонтов Михаил Кавказым, шэрджэсхэм ятриухуа поэми 9-р. Адыгэбзэм ахэр къригъэзэгъащ КъБР-мрэ КъШР-мрэ я цIыхубэ усакIуэ Ацкъан Руслан. Ещанэ томыр хухахащ абхъаз тхакIуэ Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакIэ» романымрэ Лохвицкий Михаил и «Уафэгъуагъуэ макъ» повестымрэ. УрысыбзэкIэщ къызэрыдэкIар Вэрокъуэ Владимир и «Амыщ къуажэ» романыр, еплIанэ тхылъым ихуар. Етхуанэ къыдэкIыгъуэр лъысащ дунейпсо литературэм и классик Хьэткъуэ Умар (Омер Сейфеддин). Новеллэ 34-р адыгэбзэм кърригъэзэгъащ зэдзэкIакIуэ Iэзэ Къэрмокъуэ Хьэмид. Къаныкъуэ Анфисэ и «Хьэтхэр» тхыдэ романым хухэтхащ «Черкесика»-м и еханэ томыр. Ебланэ тхылъым итщ Лохвицкий Михаил (Аджыкъу Джэрий) и «Уафэгъуагъуэ макъыр» адыгэбзэкIэ. Ари зи фIыщIэр Къэрмокъуэ Хьэмидщ.

Дунейм къытехьахэм ящыщщ «Наши знаменитости» серием хиубыда тхылъ зыбжани: адыгэр зэрыгушхуэ цIыху зэчиифIэхэу ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, Къэшэж Иннэ, Шемякин (Къардэн) Михаил, МэшбащIэ Исхьэкъ, Темыркъан Юрий, КIыщ Мухьэдин, нэгъуэщIхэми ятеухуахэр.

**- ТхакIуэхэмрэ абыхэм я фэеплъыр псэунымрэ гулъытэшхуэ хуещI Къэбэрдей Адыгэ Хасэм. Иджыблагъэ ухэтащ ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 125-рэ зэрырикъум теухуа пшыхьым. Уи гуащIэшхуэ хэплъхьащ Къандур Мухьэдин и фэеплъу Сочэ къалэ щекIуэкIа зэхуэсышхуэми.**

- Иму, дахэу республикэм щагъэлъэпIащ адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ ЩоджэнцIыкIум и махуэр. Апхуэдэу Къандур Мухьэдин и щхьэгъусэ Любэ кърихьэжьэри, ди лъэпкъэгъу щэджащэм и литературэ, гъуазджэ, щэнхабзэ щIэиныр иджыри зэ утыку къихьэныр, ар хэкум къэхьыжыныр и лъабжьэу Iуэху дахэ екIуэкIащ. Абы япэу щагъэлъэгъуащ Мухьэдин къыщIидзэу Любэ нигъэсыжа «Династия: истоки и венец» тхылъри. ТхылъыщIэр си стIолыщхьэм телъщ. Идар Гуащэнэ теухуауэ тхыгъэ мыфэмыц куэд ятхащ, фIыуэ тетхыхьаи щыIэщ, ауэ сигу къеуэрт абы и образыр нэсу къыщыгъэлъэгъуауэ зы тхылъ купщIафIэ зэрыщымыIэр. Мы тхылъыщIэр гъэщIэгъуэн дыдэщ, нэгъуэщI тхакIуэхэм дэ дыщымыгъуазэу ятхахэри хэтщ. Сэ сызэреплъымкIэ, мыр адыгэбзэкIи хьэрыпыбзэкIи зэрегъэдзэкIауэ къыдэгъэкIын хуейщ. Сымышынэу жысIэфынущ къэбэрдей прозэм мыпхуэдэ тхылъ иджыри къэс къызэрыхэмыхуар.

Сочэ щекIуэкIа зэхуэсышхуэм нэхъыщхьэу хэлъар «Тхылъ къызэIуха» и фIэщыгъэцIэу Любэ зэхиша дунейпсо литературэ зэпеуэрщ. КъАХ-м и лIыкIуэу зэхуэсым згъэкIуащ Хъыжьрокъуэ Азэмэт. Сэ эксперт гупми, къэпщытакIуэ гупми я нэхъыщхьэу сыщытащ. Лэжьыгъэ 70-м щIигъу къытIэрыхьащ, абыхэм яхэтт тхакIуэ нэхъ Iэзэхэри, тхэн щIэзыдзагъащIэхэри, а Iуэхум дихьэххэри. Мыбы зэкъуигъэуващ литературэм зигу хузэIухахэр, адыгэбзэкIэ тхэхэр, адыгэхэм папщIэ литературэ IэдакъэщIэкI зиIэ тхакIуэхэр, усакIуэхэр, зэдзэкIакIуэхэр, драматургхэр, публицистхэр. Израилым, Тыркум, Краснодар крайм, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Шэшэн Республикэм щыщхэм кърагъэхьат я усэхэмрэ тхыгъэхэмрэ. Сэ си гъусэу къэпщытакIуэхэм яхэтащ урысей литератор цIэрыIуэхэр, АР-м, КъШР-м щыщ тхакIуэхэр, редакторхэр. Псори дызэчэнджэщу нэхъыфIу къэтлъытахэр Сочэ щагъэлъэпIащ. Си гуапэ хъуащ ди республикэм щыщ цIыху зыхыбл текIуахэм зэрахэхуар, ди газетым и лэжьакIуищым увыпIэ нэхъыщхьэхэр къызэрахьар, тхакIуэ ныбжьыщIэхэр къызэрытщIэхъуэм и щыхьэту ПщыукI Латмир ипхъу Дисанэ цIыкIур лауреат зэрыхъуар. А цIыкIур Хасэм щыдгъэлъэпIащ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къыбгъэдэкI ЩIыхь тхылъ еттащ зэпеуэм и дипломант хъуа, дзэ Iуэху хэхам щыIэ джылахъстэней щIалэ Умар Анзор.

**- Мухьэмэд, 2026 гъэр уи юбилейщ, илъэс 80 уохъу, мурадхэр уи куэдщ. Укъыддэгуэшэн?**

- Абы ирихьэлIэу тхылъышхуэу тIу къыдэзгъэкIыну си мурадщ.

Сэ нэхъ сызыщIэхъуэпсу згъэхьэзырыр, хамэ къэралхэм щыпсэу усакIуэхэм, тхакIуэхэм, публицистхэмрэ драматургхэмрэ я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса тхылъищырщ. Ахэр псоми къагурыIуэн хуэдэу урысыбзэкIэ къыдэзгъэкIынущ. Илъэс минищрэ щитхурэ ипэкIэ хьэтхэм ятха усэхэр, мамлюк сулътIанхэм, синдхэм, мэуэтхэм ятхахэр сиIэщ сэ. Ахэр Iэмал имыIэу дунейм къытегъэхьэн хуейщ.

Урысейм хуэлэжьа адыгэ нэхъ цIэрыIуэу 30 иту плакатхэр тIэу къыдэзгъэкIауэ щытащ. Иджы 100 хъууэ согъэхьэзыр адыгэм и цIэр зыгъэIуа щIэныгъэлIхэр, сурэтыщIхэр, зауэлIхэр хэту, ди лъэхъэнэгъухэу Къумахуэ Мурадин, Нэхущ Iэдэм, Щэумэн Хьэзрэт сымэ хуэдэхэм деж щиухыжу.

Апхуэдэ дыдэу си ныбжьэгъушхуэу щыта КхъуэIуфэ Хьэчим и «Вечные странники» тхылъыр къыдэзгъэкIыжыну согъэхьэзыр. Хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ятеухуа тхылъ нэхъыфI дыдэр арауэ жысIэфынущ. Мыр КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щилъэгъуахэм триухуащ, Тыркум зэгъусэу дыщыIа нэужь, абыхэм ятриухуа тхыгъэри, архивым щIэлъщи, ари къеIысхыу, сыхэплъэжу къыдэзгъэкIыжыну си мурадщ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ КъАХ-м къыбгъэдэкIыу Тэрч район библиотекэм тхылъ 1500-рэ зэрестар, Зеикъуэ сэ сыщеджа школми апхуэдиз дыдэ езгъэшащ. ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэми тхылъ 500 хуэдиз Iэрыдгъэхьащ.

Къардэн Хьэсэн зи унафэщI «Акрополь» центрым пэш щхьэхуэхэр щысхухихащ сэ. Абы си цIэкIэ ищIа библиотекэм тхылъ 2000 езгъэшащ, иджыри 2500-рэ хуэдиз щIэслъхьэну согъэхьэзыр. Сэ 1967 гъэ лъандэрэ зэхуэсхьэсауэ тхылъ, архив, тхыгъэ, дэфтэр, фэеплъ хьэпшып ирехъу - псори зэхэту мин 20-м щIигъу экспонат сиIэщ.

Си юбилейм ирихьэлIэу «Акрополым» и ещанэ къатым гъэлъэгъуэныгъэ ин, псори къыщызэщIэкъуэжауэ, щезгъэкIуэкIыну си мурадщ. Фэ фощIэж «Адыгэ хэхэсхэр», «Дэ куэд щIауэ шэрджэскIэ къыдоджэ» гъэлъэгъуэныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым тхуэ щезгъэкIуэкIащ, Черкесск я Лъэпкъ музейм зэ щыдгъэлъэгъуащ. Иджы ахэр псори зэхуэхьэсауэ, къызэщIэкъуауэ илъэс 80-м ирихьэлIэу утыку къисхьэнущ.

**- Упсэу, Мухьэмэд. Тхьэм ухущIигъэхьэ!**

*Епсэлъар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ**, *АР-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я журналист.*
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

## Мэрем, дыгъэгъазэм и 19

### Первый

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 11.30** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** Информационный канал
**12.00** Итоги года с Владимиром Путиным. Прямая трансляция
**15.00** Информационный канал
**18.00** Вечерние новости
**18.45** Информационный канал
**19.45** «Поле чудес» (16+)
**21.00** «Время»
**22.30** «ДОстояние РЕспублики»
**00.30** «Горячий лед». Чемпионат России по фигурному катанию-2026. Женщины. Мужчины. Короткая программа. Трансляция из Санкт-Петербурга (0+)
**02.50** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 17.00, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**12.00** Итоги года с Владимиром Путиным. Прямая трансляция
**15.00** «60 минут» (12+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Х/ф «ПОСЛЕДНИЙ БОГАТЫРЬ. КОРЕНЬ ЗЛА» (16+)
**23.45** Х/ф «ЛЕД-2» (16+)
**02.10** Х/ф «СТРЕЛЬЦОВ» (16+)

### НТВ

**05.00, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. РУБЕЖИ РОДИНЫ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 15.00, 19.00** «Сегодня»
**12.00** Итоги года с Владимиром Путиным. Прямая трансляция
**16.50** «ДНК» (16+)
**17.55** «Жди меня» (12+)
**20.00** Т/с «ТАЙНЫЙ СОВЕТНИК»
**22.15** «Звезды». Новый сезон (16+)
**00.00** «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
**01.55** «Захар Прилепин. Уроки русского» (12+)
**02.25** «Квартирный вопрос» (0+)
**03.20** Х/ф «РУССКИЙ ХАРАКТЕР» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.15** «Диверсанты». Док. драма (16+)
**09.00, 13.00, 17.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.20** «Ищу своих» (12+)
**10.15** «Специальный репортаж»
**10.30** «По горячим следам» (16+)
**10.50** Д/с «Щит и меч. Легенды госбезопасности» (16+)
**11.35, 13.25, 15.05** Т/с «ОПЕРАЦИЯ «НЕМАН» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**15.40, 17.15** Т/с «ОПЕРАЦИЯ «НЕМАН» (16+)
**18.00** Д/ф «В июле двадцать четвертого... Памяти военного контрразведчика Станислава Круковского» (16+)
**19.40** «Загадки века с Сергеем Медведевым». «Польша. Антиеврейский поход» (12+)
**20.30** Д/с «Война миров» (16+)
**21.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...»
**22.00** «Здравствуйте, товарищи!»
**23.30** «Музыка+» (12+)
**00.50** Т/с «ТАСС УПОЛНОМОЧЕН ЗАЯВИТЬ...» (16+)
**02.55** Д/с «Москва фронту» (16+)
**03.15** Д/с «Оружие Победы» (12+)
**03.25** Х/ф «ПОВЕСТЬ О ЧЕКИСТЕ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Легенды мирового кино
**07.50** Д/с «К истокам древности»
**08.35, 22.10** Х/ф «ПРОФЕССИЯ - СЛЕДОВАТЕЛЬ» (16+)
**09.30** Д/ф «Роман в камне»
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.10** Новости культуры
**10.15** Шедевры старого кино
**11.45** Д/ф «Капитан звездного океана»
**12.45** Д/ф «Круговорот жизни»
**13.30** Д/ф «Кабачок «13 стульев»
**14.25** Д/с «Запечатленное время»
**15.00** Д/с «К истокам древности»
**15.50** Энигма
**16.30** Письма из провинции
**17.15** Музыкальные фестивали Юрия Башмета-2025. VI Зимний международный фестиваль искусств в Москве. Юрий Башмет. Концерт в день рождения
**18.45** Д/с «Забытое ремесло»
**19.00** Уроки русского. Чтения
**19.45** Всероссийский открытый телевизионный конкурс юных талантов «Синяя Птица»
**21.20** Линия жизни
**23.25** «2 Верник 2»
**00.15** Х/ф «КОМИССАР ПОЛИЦИИ ОБВИНЯЕТ» (16+)
**01.50** Д/с «Искатели»
**02.35** М/ф «Фильм, фильм, фильм»

### МАТЧ!

**06.00** «Вид сверху» (12+)
**06.30** «Формула-1. Гаснут огни» (12+)
**07.00, 08.10, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 10.30, 15.30, 20.40, 00.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**08.15** «Небесная грация» (6+)
**08.35** Биатлон. Альфа-банк. Кубок Содружества. Спринт. Мужчины. Прямая трансляция из Чайковского
**11.00** Биатлон. Альфа-банк. Кубок Содружества. Спринт. Женщины. Прямая трансляция из Чайковского
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.20** «Непридуманные истории»
**14.55** Магия большого спорта (12+)
**16.25** Д/ф «Владимир Сальников. не надо спорить с тренером»
**17.30** Плавание. Международные соревнования «Кубок Владимира Сальникова». Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
**21.45** Футбол. «Болонья» - «Интер». Суперкубок Италии. 1/2 финала. Прямая трансляция из Саудовской Аравии
**01.00** Смешанные единоборства. One FC. Трансляция из Таиланда (16+)
**02.55** Скелетон. Кубок мира. Мужчины. Трансляция из Латвии (6+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Баскетбол. «Зенит» (Санкт-Петербург) - «Локомотив-Кубань» (Краснодар). Единая лига ВТБ (6+)

## Щэбэт, дыгъэгъазэм и 20

### Первый

**06.00** Телеканал «Доброе утро. Суббота»
**09.00** «Умницы и умники» (12+)
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.00, 12.00** Новости
**10.15** Д/ф «Его звали Майор Вихрь» (16+)
**11.10** «Вспомнить все» (12+)
**12.15** Поехали! (12+)
**13.05** Д/ф «Ким Филби. «Тайная война» (16+)
**15.00** Х/ф «СЕМНАДЦАТЬ МГНОВЕНИЙ ВЕСНЫ» (16+)
**17.05** «Кто хочет стать миллионером?» (12+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** «Горячий лед». Чемпионат России по фигурному катанию-2026. Танцы. Пары. Произвольная программа. Женщины. Произвольная программа. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
**21.00** «Время»
**21.35** Что? Где? Когда? (16+)
**22.45** Д/ф «Вся жизнь - игра». К 95-летию со дня рождения Владимира Ворошилова (12+)
**23.40** Х/ф «БОЛЕРО. ДУША ПАРИЖА». История шедевра Мориса Равеля (18+)
**01.50** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России. Суббота
**08.00** Местное время. Суббота
**08.35** «По секрету всему свету»
**09.00** «Формула еды» (12+)
**09.25** «Пятеро на одного»
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.00** «Доктор Мясников» (12+)
**13.00** Большие перемены
**14.30** Вести. Местное время
**14.50** Х/ф «ПОСЛЕДНИЙ БОГАТЫРЬ. КОРЕНЬ ЗЛА» (16+)
**17.50** «Привет, Андрей!» (12+)
**20.50** Вести. Местное время
**21.00** Х/ф «МАЛО ДЛЯ СЧАСТЬЯ НАДО» (16+)
**00.40** Х/ф «КОГДА СОЛНЦЕ ВЗОЙДЕТ» (16+)

### НТВ

**04.45** Х/ф «ВО ТЬМЕ» (12+)
**06.20** «Жди меня» (12+)
**07.25** «Смотр» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.20** «Поедем, поедим!» (16+)
**09.20** «Едим дома»
**10.20** «Главная дорога» (16+)
**11.00** «Живая еда» с Сергеем Малоземовым (12+)
**12.00** «Квартирный вопрос» (0+)
**13.00** «Сатья» (16+)
**14.00** «НашПотребНадзор» (16+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** ЧП. Расследование (16+)
**17.00** «Следствие вели...» (16+)
**19.00** «Центральное телевидение» с Вадимом Такменевым
**20.20** «Ты не поверишь!» (16+)
**21.20** «Браво! Бис!» (12+)
**00.10** «Ч.Т.Д.» с Маргаритой Симоньян (16+)
**00.45** «Квартирник НТВ у Маргулиса» (12+)
**02.15** «Дачный ответ» (0+)

### ЗВЕЗДА

**04.55** Х/ф «СХВАТКА» (16+)
**06.30** Х/ф «КОДОВОЕ НАЗВАНИЕ «ЮЖНЫЙ ГРОМ» (16+)
**09.00, 13.00, 19.00** Новости дня
**09.15** «Второе мнение» (12+)
**09.45** «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным» (12+)
**10.35** «Не факт!» (12+)
**11.05** «Мужики» (16+)
**11.35** «Легенды искусства». «Бородинская панорама» (12+)
**12.30** «Любовь на линии огня». «Под небом Испании» (16+)
**13.15** Д/ф «Часовые памяти. Беларусь» (16+)
**14.15** Т/с «СМЕРШ» (16+)
**19.25** Т/с «ОПЕРАЦИЯ «НЕМАН»
**00.40** Т/с «20 ДЕКАБРЯ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Библейский сюжет
**07.05** М/ф «Мультфильмы»
**08.05** Х/ф «ПОВОД» (16+)
**10.15** Больше чем любовь
**10.55** Х/ф «КО МНЕ, МУХТАР!»
**12.15** Эрмитаж
**12.40** Д/с «Земля людей»
**13.10** Д/ф «Мой друг Артем»
**13.55** Д/ф «4 сезона в королевстве большой панды»
**14.55** Рассказы из русской истории
**16.00** Д/ф «Святитель Николай Мирликийский»
**17.00** Линия жизни
**17.50** Х/ф «ИСПОЛНЕНИЕ ЖЕЛАНИЙ» (16+)
**19.30** Новости культуры
**19.45** Большая опера. Гала-концерт. Трансляция из БЗК
**22.00** Агора
**23.00** «Кинескоп» с Петром Шепотинником
**23.45** Х/ф «ЕСЛИ МЫ БОЛЬШЕ НЕ УВИДИМСЯ» (16+)
**01.35** Д/ф «4 сезона в королевстве большой панды»

### МАТЧ!

**06.00** Профессиональный бокс. П. Сосулин - Х. Фортеа. Winline. IBA.PRO 12. Трансляция из Самары (16+)
**07.00, 08.30** Новости
**07.05, 22.00, 01.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**08.35** Биатлон. Альфа-банк. Кубок Содружества. Гонка преследования. Мужчины. Прямая трансляция из Чайковского
**09.45** Биатлон с Дмитрием Губерниевым
**10.50** Биатлон. Альфа-банк. Кубок Содружества. Гонка преследования. Женщины. Прямая трансляция из Чайковского
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

# ЦIыхум фIыуэ ялъэгъуа Бахъуэ БетIал



**КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Урысей Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм 2015 гъэм иригъэкIуэкIа «Лучший преподаватель детской школы искусств» Урысейпсо зэпеуэм япэ увыпIэр къыщызыхьа, композитор-уэрэдус Зэрамыщщэ Заретэ сабийхэр гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ дегъэхьэхыным и гуащIэр зэрыхилъхьэм къинэмыщIауэ, лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI ди лъэпкъым и уэрэд нэхъыфIхэр, ахэр зи Iэдакъэщ IэкIхэм я гъащIэм дыщигъэгъуэзэным теухуауэ. Зэретэ и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр (сыт и уасэ «Насыпыр аращ» зыфIищар - адыгэ уэрэдхэмрэ дзапэ уэрэдхэмрэ зэрытыр) къыдегъэкI, а тхыгъэхэм щыщ «Iуащхьэмахуэ» журналым, «Адыгэ псалъэ» газетым традзэ.**

**Ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ Бахъуэ БетIал и гъащIэмрэ гуащIэмрэ теухуауэ Заретэ тхуигъэхьэзыра тхыгъэм.**

БАХЪУЭ БетIал ТIрашэ и къуэр (1935-1997) - тхакIуэщ, усакIуэщ, уэрэдусщ, сурэтыщIщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ.

Бахъуэ БетIал 1935 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м Шэджэм районым хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщалъхуащ. И сабиигъуэр зауэ зэман хьэлъэм хиубыдати, гугъу ехьу къэтэджащ. Пасэу адэ-анэншэу къанэри, и анэшхуэм ипIыжат ар. И нэгу щIэкIа Iуэхугъуэхэрщ щIалэм и тхыгъэхэм лъабжьэ хуэхъуар.

БетIал къуажэ курыт еджапIэм щIэст сабийхэм папщIэ абы къыщызэIуаха театрым щыхыхьам. Къинэмыщ Iауэ, и япэ усэ цIыкIухэр къохъулIэ, спектакль ягъэув хэм и сценарийхэр етх. ЕгъэджакIуэхэр щIалэм и зэчийм щыгъуазэщ, хуагъэдахэ, ауэ и анэшхуэм игу ирихьыркъым пщIэншэу школым щигъакIуэ зэманыр. Мэкъумэшым елIалIэу, унагъуэм хьэрычэт кърихьэу, щIэгъэкъуэн къыхуэхъуу илъагъуну хуейщи, IэщIагъэ хуэмыхъунум зэман лей зэрытригъэкIуадэр фIэфIкъым. Арщхьэк Iэ, БетIал зэчий хэлъым иригъэтIысэхыркъым. И псэр театрым ихьэхупауэ, къуажэ еджапIэм пэщIэдзэ щIэныгъэр Бахъуэм щызэрегъэгъуэт, классиблыр къищеух.

1954 гъэм дзэ къулыкъум ираджэ. Армэр къиуха нэужь, Латвие ССР-м и Елгавэ къалэм дэт машзаводым щылэжьэну къыщонэ, заочнэу илъэситIкIэ йоджэжри, классибгъур къеухыж. ИужькIэ БетIал Москва дэт цIыхубэ университетым сурэтымрэ живописымкIэ и къудамэм заочнэу щоджэ, илъэситI курсыр къыщеух.

1957 гъэм щIалэр Къэбэрдей-Балъкъэрым, фIыуэ илъагъу и хэкум, къегъэзэжри Шэджэм Езанэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм лэжьэн щыщIедзэ. А IэнатIэм зэрыпэрытым хуэдэу, БетIал КъБАССР-м пшынауэхэмрэ хормейстрхэмрэ щагъэхьэзыр курсыр къеухыж. А зэманым хуэзэу унагъуэ дахэ еухуэ, игу зыхьэхуа пщащэ (Марие) къешэри, сабиитIи зэдагъуэт.

1959 гъэм къыщыщIэдзауэ Бахъуэм и зэфIэкIым хегъахъуэ. Абы и Iэдакъэ къыщIокI усэхэр, рассказхэр, повестхэр, ауанхэр, уэрэдхэм макъамэ щIегъэувэ.

1960 гъэм Бахъуэ БетIал Бахъсэн районым ЩэнхабзэмкIэ и унэу ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэм и сурэтыщIу мэув. А IуэхущIапIэм къыщызэрагъэпэща агитбригадэм и художественнэ унафэщI ящI, уэрэджыIакIуэхэм ядолажьэ, программэщIэхэр егъэхьэзыр.

А зэманым къриубыдэу Мэзкуу зэпеуэхэр щекIуэкIырт, агитбригадэхэм гулъытэ хуащIу. Къэралым и къалащхьэм къикIри, щэнхабзэм хуэлажьэ Руб Александр республикэм къэкIуащ, зэпеуэхэр зэрекIуэкIым щыгъуазэ зыхуищIыну, я зэфIэкIым еплъыну. А республикэ зэпеуэм щытекIуа Зеикъуэ и агитбригадэр Мэзкуу ягъэкIуэну унафэ ящI.

Абыхэм ядэлэжьэну Къашыргъэ Билал, Бахъуэ БетIал, концертмейстеру а зэманым щыта Къуэдз Абубэчыр сымэ Зеикъуэ ягъакIуэри, мазэкIэ ягъэхьэзыр къэралым и къалащхьэм щагъэлъэгъуэну программэр.

1964 гъэм ахэр Мэзкуу ирагъэблэгъащ. Гупым хэтащ: Къашыргъэ Билал, Бахъуэ БетIал, Щомахуэ Хьэсэнбий, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Къуэдз Абубэчыр, Согуэ Данил, Соблыр Людмилэ, Щомахуэ Юрэ, Бер Хьэбалэ, НэщIэпыджэ Ибрэхьим сымэ, нэгъуэщIхэри.

«Центральный дом работников искусств» жыхуиIэ унэм и утыкушхуэм щагъэзэщIат Бахъуэ БетIалрэ Къардэн Хьэсэнрэ зэдатха «Уи цIэр Мадинэ хьэмэ Маринэ?» уэрэдыр. И зы едзыгъуэри урысыбзэкIэ зэрадзэкIати, едэIуахэм ягухэр ихьэхуат. Бахъуэ БетIал и уэрэдым, дауи, езыри дежьуужт, фэтIырпIэ (доули) Iэмэпсымэр игъэбзэрабзэу. Зеикъуэ и агитбригадэм япэ увыпIэр къихьауэ Къэбэрдейм къигъэзэжауэ щытащ.

Бахъуэ БетIал апхуэдизкIэ IэкIуэлъакIуэти, ЩэнхабзэмкIэ унэм къыщызэрагъэпэща театр цIыкIум игъэув спектаклхэм я декорацэхэр езым къигупсысыжырт, игъэхьэзырт. Абы къищынэмыщIауэ, спектаклхэм хэт макъамэхэр, уэрэдхэм щIэлъ псалъэхэри зытхыр БетIалт. А спектаклхэм езыри щоджэгу, роль щигъэзащIэр къуажэдэсхэм ягу къинэжу. ЩэнхабзэмкIэ унэм щекIуэкI спектаклхэм цIыхубэм къытрагъэзэж, «БетIал джэгунущ» жаIэу.

И цIэр фIыкIэ куэдрэ мэIу, езыри цIэрыIуэ мэхъу. 1962 гъэм театрым республикэм щекIуэкI зэпеуэм къыщегъэлъагъуэ КъардэнгъущI Зырамыку и «Къанщоубийрэ Гуащэгъагърэ» пьесэм къытрищIыкIа спектаклыр. Зэпеуэ нэужьым, Бахъсэн театрым «ЦIыхубэ театр» цIэ лъапIэр къыхуагъэфащэ.

Бахъуэм Бахъсэн цIыхубэ театрым хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ, аращ япэ лъэбакъуэхэр езыгъэчар. Ерчэн Леонид цIыхубэ театрым и унафэщI зы пIалъэкIэ ящIри, Бахъуэр режиссеру ягъэув. А театрым БетIал хуитхащ «ПсэкIэ къазэуа насыпыр», «Ди хьэблэм къыщыхъуахэр» жыхуиIэ пьесэхэр.

Бахъуэм роль игъэзащIэхэр апхуэдизкIэ къохъулIэри, Ерчэн Леонид цIыхубэ театрым щигъэува спектакль 25-м и роль нэхъыщхьэхэр игъэзэщIэну БетIал ирет. Ар щыджэгуащ «Мадинэ», «Къамботрэ Лацэрэ» (ЩоджэнцIыкIу Алий итха тхыгъэхэмкIэ); «Си щхьэгъусэм и щхьэгъусэ» «Щыкъу анэ» (Хугаев Г. и пьесэхэмкIэ); «Алэкъейрэ ТIалэкъейрэ» (Сулеймановым и пьесэм къытращIыкIам, ТIалэкъей и ролыр игъэзэщIащ); «ЗалымыгъэкIэ ягъэIэзам» (франджы тхакIуэ, классик Мольер Жан-Батист и пьесэм къытращIыкIам, Сканарель и ролыр БетIал къылъысат); «Iей пщIауэ, фIы ущымыгугъ» (Къамбий Дж. и пьесэм) «ШейтIан щхьэдыкъ» (Нахурашвили Т. и пьесэм), нэгъуэщIхэми.

Бахъсэн театрым псэ хэзылъхьэ Бахъуэ БетIал гушыIэр и Iэпэгъущ, ар и дуней тетыкIами, и тхыгъэхэми IупщIу къахощ. Театрыр цIыхухэм фIыуэ ялъагъурт, здэкIуэм IэплIэ ешэкIкIэ щрагъэблагъэрт. Псом хуэмыдэу БетIал къехъулIэу игъэзащIэрт езым итха пьесэхэм гушыIэ дахэкIэ гъэнщIауэ хэт комедийнэ ролхэр.

1969 гъэм БетIал, и унагъуэр и гъусэу, Бахъсэн къалэм мэIэпхъуэ. Ар Бахъсэн райисполкомым и агитационно-художественнэ бригадэм методисту ядэлэжьэну ягъакIуэ. БетIал адыгэбзэкIэ екIуу матхэ, махуэшхуэм хуэгъэза сценарийхэм нэмыщI, интермедиехэр, гушыIэ кIэщIхэр, ауанхэр агитбригадэм игъэзэщIэну хуетх. БетIал и гупыр районым игъэхьэзыр зэхуэсхэм, махуэшхуэ лъапIэхэм къахолыдыкI, утыкур ягъэбжьыфIэу, жылэдэсхэм гукъыдэж ирату, концерт Iэджэм хэтщ. Театр лэжьыгъэм нэхъ кууэ хищIыкIын папщIэ, Бахъуэ БетIал 1987 гъэм КъБКъУ-м щыIа театральнэ курсхэм илъэскIэ щоджэ, и щIэныгъэм хегъахъуэ.

Щысабийм щегъэжьауэ Бахъуэм и гурылъ-гурыщIэхэр усэу, макъамэ дахэу дунейм къытехьащ. И тхыгъэхэм къахощ адыгэ хэкум, лъэпкъым, хабзэм, анэдэлъхубзэм пищI зэрыщымыIэр. БетIал и гу хуабагъымрэ цIыхум хуиIа лъагъуныгъэмрэ белджылыуэ къыбгурагъаIуэ «Сыщалъхуа щIыналъэ», «Жей, си анэ», «Си бзэу си лъэпкъыцIэ» усэхэм, нэгъуэщIхэми. Щхьэпэщ икIи щапхъэщ Бахъуэ БетIал и IэдакъэщIэкIхэр.

И тхыгъэхэр газетхэм къытрадзэрт, усэхэмрэ уэрэдхэмрэ радиомкIэ къатырт, телевиденэкIэ ахэр къагъэлъагъуэрт. 1986 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыдигъэкIащ БетIал и гушыIэ кIэщIхэмрэ рассказхэмрэ зэрыхуа «Анэл» жыхуиIэ тхылъыр.

1990 гъэм къыщыщIэдзауэ Бахъсэн райисполкомым ЩэнхабзэмкIэ къудамэм и художественнэ самодеятельностымрэ фольклорымкIэ и методисту лэжьащ. А зэманым Бахъуэм гупсысэ куу зиIэ и тхыгъэхэр - рассказхэр, повестхэр дунейм къытохьэ. Зи цIыкIугъуэр зауэ зэман хьэлъэхэм хиубыда БетIал и тхыгъэхэри нэхъыбэу зытеухуар и сабиигъуэм и нэгу щIэкIамрэ къуажэдэсхэм ягъэва бэлыхьымрэщ. Псалъэм папщIэ, «Нэпсрэ насыпрэ» зыфIища повестым и япэ напэкIуэцIым тетщ: «Си анэшхуэ Бахъуэ Ужьэ фэеплъ хузощI». Мы повестым кууэ къеIуатэ БетIал и гъащIэм и къекIуэкIыкIар.

КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и къэпщытакIуэ гупым и унафэщI Тхьэзэплъ Хьэсэн гуапэ дыдэу хущытт Бахъуэм и творчествэм. Хьэсэн и лъэIукIэ, и фIыщIэ псалъэкIэ Бахъуэ БетIал 1997 гъэм Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьауэ щытащ. ИкъукIэ зыщыгуфIыкIа тхылъымпIэр и дуней ехыжыгъуэм хуэзами, цIыхубэм Бахъуэ БетIал и творчествэм хуищIа лъагъуныгъэм ар псэуху и гъуэгур нэху хуищIу, дамэ къытригъакIэу, и гур игъэпIейтейуэ щытащ.

ТхыгъэфIхэм я мызакъуэу, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым хуэIэижьт ар: сурэтыщI Iэзэт, пхъэм къыхэщIыкIауэ хьэпшып хьэлэмэтхэр ищIырт, и IэкIэ ищIа лъэпкъ музыкальнэ инструментхэр (шушу, пхъэцIыч, мандолинэ, бэрэбан) фэеплъу и унагъуэм ноби щызэрахьэ.

Бахъуэ БетIал лэжьыгъэ дахэ куэд къигъэнащ: усэ, повесть, рассказхэр, интермедиехэр, сценарийхэр, гушыIэ кIэщIхэр. БетIал итха уэрэдхэр ди лъэпкъым и Iэпэгъуу дунейм тетщ, адыгэм псэ хуэхъуащ, цIыхубэм яIурылъщ дзапэ уэрэду. Езы БетIали уэрэдыр и гъащIэт, и гукъыдэжт, и Шыхулъагъуэт. И гупсысэри мырат: «Мэзым сыкIуами, бдзэжьеящэ сыщыIэми, зы дахагъэ гуэр солъагъу е псэкIэ зыхызощIэ. Апхуэдэу щыхъукIэ, усэ гуэр умытхынкIэ, макъамэ уи щхьэм къимыхьэнкIэ Iэмал иIэкъым. Ар къызэхъулIэрэ цIыхубэм уэрэд стхар ирахьэжьэмэ, гъащIэм и IэфIагъ зыхэсщIэу, дахагъэм сыхешэ».

Бахъуэ БетIал уэрэд тхыным гукъыдэж къритыным къежьапIэ хуэхъуар Бахъсэн районым ЩэнхабзэмкIэ и унэм и агитбригадэм и гъусэу утыку къиищихьарщ. А гупыр къуажэ куэдым зыкъыщагъэлъагъуэу, республикэм и утыкушхуэхэр ягъэбжьыфIэу, Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ республикэхэм я утыкушхуэхэми нэсыфу къекIуэкIащ, дэнэ кIуами, IэплIэешэкIкIэ щрагъэблагъэу.

Сценэм и Iупхъуэр зэIукIыу БетIал къызэрихьэу, иджыри зы псалъи жимыIауэ, цIыхухэр Iэгуауэшхуэк Iэ пежьэрт. Арат езыгъэкIуэкIыр концертхэр. И гушыIэхэмкIэ, монологхэмкIэ игъэщIэращIэрт программэр, итха уэрэдхэр цIыхубэм фIыуэ ялъагъурт. Концерт гуэрым щыкIуэкIэ, зыгуэркIэ пшынауэхэм ящыщ сымаджэ хъуамэ, гупым езыр яхэтIысхьэрти, пшынэр къищтэрт, е шушу Iэмэпсымэу, е мандолинэу щрет, дэтхэнэми еуэрт, оркестрыр игъэщIэращIэрт, псэ хилъхьэрт.

Бахъуэ БетIал и уэрэдхэр щагъэзащIэ ди республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я мызакъуэу, ди гъунэгъу республикэхэми, псом хуэмыдэжу Шэрджэсымрэ Адыгеймрэ. Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэми Бахъуэм и уэрэдхэр фIыуэ ялъагъу. Абыхэм (я бжыгъэр 100-м щIегъури) гъэщIэшхуэ яIэщ, нобэми ди республикэм ЩэнхабзэмкIэ унэхэм щызэхыбох.

Ахэр теухуащ хэкум, зауэшхуэ екIуэкIам, хабзэм, анэм, гуфIэгъуэ махуэхэм, хьэгъуэлIыгъуэр зыгъэдахэ нэщэнэхэм, лъагъуныгъэм, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми. Уэрэд итхахэм я нэхъыбэм и псалъэхэр щIэзылъхьэжар езы БетIалщ, купщIафIэу, макъамэм удихьэхыу, гум къинэу. Абыхэм ящыщщ «Си Къэбэрдей-Балъкъэр», «Бахъсэн папщIэ уэрэд», «Унэ идошэ», «Умыгъ, нанэ», «Ущыуамэ, къэгъэзэжи ечэнджэщ уи напэм», «Уи жейм щыбгъафIэр хэт?», «Си гум укъихьащ», «Пшынищым сэ сагъэджэгу», «ЩIымахуэ розэ» жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Псом хуэмыдэу уэрэдусым къехъулIащ композитор цIэрыIуэхэм я гъусэу итха уэрэдхэр. «Лену дахэкIей», «Адыгэ пщащэр къуофэ», «Махуэшхуэ джэгу», «Хэт усIэщIиха?», «Щауэишыж уэрэд», «Къафэ, адыгэ хэку», «Си уэрэд», «Сызэхэх», «Хэт епта си гъатхэр?», «Фыкъеблагъэ ди гуфIэгъуэм», «Нысашэ уэрэд», «Сыт жесIэнур си псэм?», нэгъуэщIхэри куэдым гъащIэ гъусэ яхуэхъуауэ пхужыIэнущ. Псалъэм папщIэ, Тхьэбысым Умаррэ Бахъуэ БетIалрэ зэдатха «Адыгэ нысэр унэм идошэ» уэрэдым гуфIэгъуэр нэхъ Iэтауэ уи нэгу къыщIегъэхьэ, «Уэридадэм» и пIэкIэ жыпIэ мэхъу, зы унэиши къанэркъым мы уэрэдыр щамыгъэзащIэу.

Тхьэбысымым макъамэ зыщIилъхьа «Хэт зэптар си гъатхэр?» уэрэдыр-щэ? ЗэкIупсщ и псалъэри, макъамэри, зыгъэзэщIари. БетIал жиIэжт: «Уэрэдым и псалъэхэр «Ленин гъуэгу» газетым къытрадзати, ар Тхьэбысым Умар къилъагъури, макъамэ щIилъхьащ. Ар Къэлэбэч Иринэ жиIэу радиом щрагъэтхауэ щытащ, икIи а уэрэдым и фIыгъэкIэ дызэрыцIыхуат Тхьэбысымымрэ сэрэ». Апхуэдэу дунейм къытехьащ иджыри зы уэрэд, псэм хыхьэу, гур игъэпIейтейуэ».

Ауэ Бахъуэр япэу зыдэлэжьар композитор Iэзэ Къардэн Хьэсэнт. А тIум зэдатхауэ уэрэд 15-м нэс дунейм къытехьащ: «Адыгэ пщащэр къуофэ», «Ленэ дахэкIей», «Хэт усIэщIиха?», нэгъуэщIхэри. Бахъуэ БетIал и усэхэм макъамэ щIэзыгъэувахэм ящыщщ Къэбэрдейм и композитор цIэрыIуэхэу Согуэ Данил, Даур Аслъэн, Къэбэрдокъуэ Борис, Жылау Арсен сымэ.

Уэрэдусым усакIуэ куэд и ныбжьэгъути, я усэхэр кърагырт е езы Бахъуэм къаIихырти, макъамэ щIигъэувэжырт. А щIыкIэм тету уэрэд куэд диIэ хъуащ Къэжэр Петр, Джэдгъэф Борис, КIэщт Мухьэз, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ, Хьэх Заурбий, нэгъуэщIхэми я псалъэ щIэлъу.

Уэрэдусым пшынэ фIыуэ илъагъуу, езыри еуэу щытащ. Арауэ къыщIэкIынщ и уэрэдхэм «пшынэ» псалъэр куэдрэ къыщIыхэщыр: «Пшынищым сэ сагъэджэгу», «Унэ идошэ», «Адыгэм ипхъу», «Махуэшхуэ джэгу», «Къафэ, адыгэ хэку» нэгъуэщIхэми. Абы нэмыщI, ди пшынауэ цIэрыIуэхэу Къуэдз Абубэчыррэ Сэхъу Хьэсэнрэ зыгъэсари, дыIэпыкъуэгъу абыхэм яхуэхъуари, гъуэгу езыгъэгъуэтари Бахъуэ БетIалщ.

1995 гъэм дыгъэгъазэм, Бахъсэн район администрацэм и жэрдэмкIэ, Бахъуэ БетIал и ныбжьыр илъэс 60 щрикъум ирихьэлIэу, и творчествэм теухуа пшыхь хъарзынэ хуагъэхьэзырат. Ди республикэм и тхакIуэ, усакIуэ, уэрэдус, лэжьакIуэ пажэм и цIэр яIэтащ, пщIэшхуэ хуащIащ. Район администрацэм и тхьэмадэу а зэманым лэжьа Берд Хьэзрэталий къыбгъэдэкIыу ЩIыхь тхылъ иритат. Пшыхьым къуекIуэлIат БетIал и уэрэдхэр зыгъэзащIэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу Мэремыкъуэ Хъусен, ПащIэ Ленэ, Шумахуэ ХьэзрэIил, Къашыргъэ Мухьэмэд, Сокъур Ольгэ сымэ, пшынауэу Къуэдз Абубэчырырэ Сэхъу Хьэсэнрэ.

Зи гъащIэ псор лъэпкъым и щэнхабзэм пызыщIа, лъэужь дахэ къэзыгъэна, зи цIэр цIыхубэм гуапэу ягу къинэжа Бахъуэ БетIал, и ныбжьыр илъэс 62-м иту, 1997 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м дунейм ехыжащ.

**Бахъуэ БетIал и къалэмыпэм къыщIэкIа тхылъхэр**:

«Анэл» (рассказхэр). Налшык, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэ, 1986; «Нэпсрэ насыпрэ» (рассказхэр, повесть). Налшык, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэ, 1995; «Адыгэ пщащэр къуофэ» (усэхэмрэ уэрэдхэмрэ). Налшык, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэ, 2001 .

АдэкIэ къыщытхьыр езы Бахъуэм псалъэри макъамэри ейуэ итха уэрэдхэм ящыщщ.

## Уи жейм щыбгъафIэр хэт?

Бжьыхьэ гъуэплъым псалъэу къыхэсхар,
Си гур пхузэIусхри къыдэсхащ.
Жэщыр сэ щIэзмыгъэжейр
УэркIэ щэхукъым, дахэкIей,
Ауэ сщощI зэшыгъуэ мы дунейр.

Мазэм бзийкIэ щIылъэр зэхетхыхь,
Вагъуэхэм фи пщIантIэр зэпаплъыхь.
Си гупсысэр хъуауэ пщтыр
Уи щхьэгъубжэм с(ы)риплъырщ,
Ди зэхуакум жэщыр щомамыр.

ПIалъэу къызэптари бдэкIуэтащ,
НэкIэ уи бжэм усэ нытестхащ:
Сэ къызэджэу щытыгъа,
Уи пшынэбзэр щхьэ кIуэда
Е нэгъуэщI пшынэбзэм уихьэхуа?

Нэхущ бзум и макъыр жыжьэу къоIу,
Гугъэр уи щхьэгъубжэм нысфIоуIу.
Си псэр пщIыгъуу унэм щIэтщ.
Гухэлъ батэр схуимыкIуэт,
Сэр нэмыщI уи жейм щыбгъафIэр хэт?

*Тхыгъэр тедзэным хуэзыгъэхьэзырар*
**КЪАНКЪУЛ Раисэщ**.

# ЛIыгъэр Iыхьэ мыгуэшщ

**ЦIыху къэс гъуазэ вагъуэ зэриIэм шэч къытрахьэртэкъым адыгэхэм, абы нэсмэ, я гуращэхэр къайхъулIэну, я хъуапсэхэр къадэхъуну фIэщхъуныгъэ яIэт. ЗыпIэту улъэтэн хуейуэ арагъэнтэкъым, атIэ узыхущIэкъум ерыщу утелэжьэн, ар къыпIэщIыхьэн щхьэкIэ еши щхьэхи умыщIэу а зы Iуэхум уи гуащIэр ептын зэрыхуейрагъэнт абы къырагъэкIыр. Къуэ къызыхуэхъуам, зи унащхьэ тезылъхьам, жыг зыгъэтIысам щхьэкIэ лIыжьхэм, я пащIэкIэр ягъэкIэрахъуэурэ, и гъуазэ вагъуэм теIэбащ, жаIэрт. ПщIэшхуэ хуащIырт гущэ къуапэ иубыдащ, и щIэблэм жьауэ идзащ, жылэм гъуэгу хуищIащ зыхужаIэхэми. Ахэр гъуазэ вагъуэ къудейтэкъым зылъэIэсар, атIэ я насып вагъуэм нэсауэт къызэралъытэр. Ауэ зыми хуэдэжтэкъым жылэм щхьэкIэ псэзэпылъхьэпIэ ихьам хуащI Iулыджыр – и IэкIэ и цIэр уафэ джабэм тритхэжауэ, езыри хъуапсэ хъуауэ къалъытэрт. Гушхуэныгъэ ин къозыт а жыIэгъуэхэм я жьауэм щIэту къэпсэуащ адыгэхэр лIы щыпкъэкIэ зэджэм и щыхьэт дахэу дунейм тета, Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэ иным пэкIуэу Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща Нэхей Даут.**

БИИШЭМ IэщIэкIыу, зыдэкIа жылэжьым къигъэзэжыну и насып къихьами, Тхьэм абы къыхуиухар зэрыхъур мащIэ дыдэт - илъэс 38-рэ къудейщ ар зэрыпсэуар. Ауэ щIы фIыцIэжьым псэууэ лIахэри щIэлъщ, лIауэ псэухэри щIэлъщ, жаIэ игъащIэми. Нэхей Даут дунейм зэрехыжрэ мы гъэм илъэс 70 ирикъуами, цIыхухэм ящыгъупщакъым, и гугъу дахэр нобэми жаIэу зэхэпхынущ. Къыхуиуха мащIэ тIэкIум Нэхейм лIыхъужьыгъэ хэлъу IэнатIитI къырихьэлIащ. Зыр, зэрыгурыIуэгъуэщи, щалъхуа лъахэр зэрыпхъуакIуэхэм ящихъумэу IэщэкIэ зэрыпэщIэтарщ, къимыгъэзэжынкIэ зэрыхъунур ищIэ пэтми, къызэмыплъэкIыжу псэзэпылъхьэпIэм зэрыIухьарщ. ЕтIуанэри, адэжь лъахэм къигъэзэжа нэужь, щIэблэм щIэныгъэ яритын папщIэ, и гуащIэ щымысхьыжу зэрылэжьарщ, и зэхэщIыкIрэ дуней лъагъукIэкIэ ядэгуашэкIэрэ, ахэр гъуэгу захуэм тригъэувэну зэрыхущIэкъуарщ. Нэхъыжь жьакIэхухэм «и адэ хуэфащэщ» къыхужаIэу, Нэхейр сыт хуэдэ IэнатIэ пэрымытами, и щытхъу дахэкIэ игъэIуащ. Даут хуэдэхэращ лIауэ псэущ зыхужаIэр, зи IуэхугъуэфIхэр щапхъэу ягъэлъагъуэр, зи цIэр щIэблэм гъуазэ хуащIыр.

КъызэрыдэкIрэ заул щIами, Нэхей Даут и гугъуфIыр зыгъэш тхылъ дунейм къытехьащ, гулъытэншэ пщIынкIэ Iэмал имыIэу. Совет усакIуэ цIэрыIуэ Рождественский Роберт и усыгъэм щыщ «Зыщывмыгъэгъупщэ! ЛIэщIыгъуэхэр блэкIми, илъэсхэр тещIэми, - зыщывмыгъэгъупщэ!» сатырхэр фIэщыгъэ зыхуэхъуа тхылъым лIыхъужьым и гъащIэ гъуэгур щIэрыщIэу щIепщытыкIыж, и гуащIэдэкIым акъыл бзыгъэрэ нэ жанкIэ хоплъэж, и лIыгъэр иджырей гупсысэкIэ шыбзэм щIегъэкI.

КъызыхэкIа лъэпкъымрэ щалъхуа лъахэмрэ я дахэр жезыгъэIэ дэтхэнэми утепсэлъыхьыну къызэрилэжьым шэч хэлъкъым. Ауэ ар лъахэм и щыжакIуэмэ, хуитыныгъэм и хъумакIуэмэ, мамырыгъэм и гъэпсакIуэмэ, и цIэм пщIэ хуэфащэщ. Ар ину жиIэну къалэн зыщызыщIыжын къыкъуэкIыххэмэ, лъэпкъым и джакIуэкIэ узэджэ хъунухэм къакIуа гъащIэм куэд дыдэм ущIагъэдэIуфынущ, нэхъыбэжи зэхыуагъэхынущ. Апхуэдэ гукъэкI зыщIын цIыхухэр щыIэти, Нэхей Даут теухуа тхылъ къыдэгъэкIын зэрыхуейри жэрдэм ящIыфащ.

Мейкъуапэ къалэм дэт «Полиграф-Юг» тхылъ тедзапIэм Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм защIэгъэкъуэнымкIэ «ТекIуэныгъэ» фондым и мылъкукIэ къыщыдэкIа тхылъым и япэ напэкIуэцIхэм къыщегъэжьауэ нахуэу къыбгурагъаIуэ ар зытеухуар: ди блэкIам, ар ирежыжьэ е ирегъунэгъу, Iэмал имыIэу щIэблэр щыгъэгъуэзэн хуейщ, ахэр зытеувэну гъуэгур захуэ икIи лъэпощхьэпоуншэ хъун папщIэ. Адыгэ цIыхум дежкIэ зэхуэдэу щытын хуейщ адэжь лъахэм къыщыжу илъэсищэкIэ екIуэкIа джаур зауэжьым хэкIуэдахэри Хэку зауэшхуэм и мафIэсым зи щхьэ хэзылъхьахэри. ЛIыгъэр Iыхьэ мыгуэшщ, жыхуаIэращи, зэуапIэм Iухьахэр я псэ емыблэжу щIэзэуащ яужь къиувэнухэр зытету дуней мамырым икIи щхьэж и хьэкъыр еттыну къыттохуэ. Ахэр дигу илъыныр, ныбжьыщIэхэм гъуазэу яхуэдгъэлъэгъуэныр дэтхэнэ зы балигъми и пщэрылъщ. Аращ гупсысэ нэхъыщхьэу Нэхей Даут теухуа тхылъми икIыхьагъкIэ пхрышар.

Нэхей Даут и цIэр фIащыжащ зыщалъхуа Уэчэпщей къуажэм дэт, иужькIэ зи унафэр зэрихьа курыт еджапIэм. Абдеж къыщызэIуахащ лIыхъужьым и гъащIэ гъуэгур, и лIыгъэр, и дуней тетыкIэр наIуэ къэзыщI фэеплъ музей. Ауэ мыхьэнэ зиIэ хьэпшыпхэр зэхуэпхьэсыныр, ахэр зыхуей хуэзэу зепхьэныр зы Iуэхущ, а псор гъэсэныгъэ лэжьыгъэм къыщыбгъэсэбэпыныр нэгъуэщIщ. Къуажэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм къыхилъхьэри (абы и унафэщIыр жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Делэкъуэ Рашидщ), Нэхей Даут теухуауэ тхылъ щхьэхуэхэм ярыт тхыгъэхэри, архив хъумапIэхэм хэлъ дэфтэрхэри, Iэрытххэри зэхуахьэсыжащ. Апхуэдэу къыдэкIыгъуэм ихуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, совет дзэ лэжьакIуэ Сыджахь Хьэзрэтбий и «Уи лIыхъужьхэр, Адыгей» къэхутэныгъэм щыщ пычыгъуэхэр, совет журналист, дзэ корреспондент Жуков Юрэ и «40 гъэхэм псэуа цIыхухэр» жыхуиIэ тхылъым къыхэха «БыдапIэжьым и щэху» тхыгъэр, Хлопин Герман и «Зауэхэм халъхуа 312-нэ Смоленск дивизиер» гукъэкIыж тхылъым щыщ Iыхьэхэр. Щхьэхуэу къыхэгъэщын хуейщ «Советская Адыгея» газетым и литературэ обозреватель Космачевэ Еленэ и «Зауэ-мафIэс романыр», Нэхей Даутрэ и щхьэгъусэ Мариерэ зэуапIэм нэIуасэ зэрыщызэхуэхъуар, унагъуэ зэрызэдащIар, къахуиуха мащIэм пэжу икIи щыпкъэу зэрызэбгъэдэтар дахэу къэзыIуэтэж Iуэтэжыр. Язызэри нобэкIэ гъуэтыгъуей хъуащ, абыхэм щыгъуазэ захуэпщIын папщIэ, Мэзкуу дэт къэрал библиотекэшхуэхэм къыщыплъыхъуэн хуейуэ аращ. ЖэрдэмщIакIуэхэм я фIыгъэкIэ Нэхейм и къекIуэкIыкIа псом мыбзаджэу хэзыщIыкIыу щытахэм я тхыгъэхэр тхылъым щызэхуэхьэса хъуащ, щIалэгъуалэм ахэр къамылъыхъуэу зы щIыпIэм деж къыщагъуэтынуи Iэмал гъуэзэджэ яIэщ.

Къинэмыщlауэ, тхылъым ихуащ къуажэдэсхэм, лIыхъужьым къыдэлэжьахэм, и Iыхьлыхэм я гукъэкIыжхэр. Уасэ хуэщIыгъуейщ Даут и щхьэгъусэ Марие, къуажэдэсхэр МерэмкIэ зэджэ хъуа урыс бзылъхугъэм, и гукъэкIыжхэр. Илъэсибгъу къудейщ зэрызэдэпсэуар Даутрэ Мариерэ, ауэ лIым къыхуищIауэ щыта гурыщIэ къабзэм хуэпэжащ ар, хуигъуэта и бынхэр къигъэтэджащ, абыхэм къащIэувэжа бынырылъхухэм жьауэу ящхьэщытащ. Адыгэбзэр уэрсэру зригъащIэщ, адыгэ хабзэм хъарзынэу зыщигъэгъуазэри, и бынхэм - Юрэрэ Людэрэ - абыхэм яхуэсакъын зэрыхуейр яхипщащ. Даутрэ Мариерэ я зэхуакум илъа зэхущытыкIэ дахэр лъэныкъуэ куэдкIэ щапхъэу бгъэлъагъуэ хъунущ. Зауэжьым и архъуанэм къикIыжу дуней мамырым къыхыхьэжами, цIыхухэр гъэсэпэтхыдэу ирагъэдаIуэу зы Iущыгъэ кърахьэкIащ: зым жиIэну зыхуеймкIэ адрейр мыгупсысэмэ, зэпэувмэ, Iэщэр кърах - апхуэдэ къэмыхъун папщIэ, фыдаIуэу, гущIэгъу зэхуэфщIу, щабагъэ фхэлъу зывгъасэ. ЦIыхум зызыхуимыгъэсэжар гугъуущ къызэрищтэри, зыщIредэIуж. Апхуэдэ гупсысэщ Даут еджапIэм къекIуалIэ цIыкIухэри зыщIигъэдэIуу щытар.

ЛIыгъэм и мыхьэнэр тхылъыр зэхэзыгъэувахэм къызэпкърахкIэрэ, топсэлъыхь цIыхугъэм и пкъощIэсэ нэхъыщхьэхэм: гулъытэ уиIэн, дэчых пхэлъын, цIыхур уи щхьэм еплъытын, пэжагъ зепхьэн зэрыхуейм. ЩытыкIэ дахэм къыдимыхьэх щыIэкъым, абы губжыр егъэужьых, фIыр къызэщIеIэтэ. Нэхей Даут щхьэкIэ цIыху къабзэщ жаIэу щытащ. Пщэдджыжьыпэм куэбжэпэм къыдэкIрэ къуажэм къыдыхьамэ, дэплъагъур удэзыхьэх защIэт. ТетIысхьэпIэм тес дадэ-нанэхэм ябгъэдыхьэурэ IэплIэфIэхъускIэ я Iуэху зыIутым щIэупщIэрт, еджапIэм кIуэуэ адэкIэ-мыдэкIэ къыдэкI сабийхэм яIущIамэ, зэреджэ щIыкIэхэм зыщигъэгъуазэрт, къуажэм Iуэху къыщыхъуамэ, жыджэру хэтт. ЦIыху гъащIэр Iуданэм ещхьщ: къызэкIуэцIыкIыурэ Iуданащхьэр зыщIыпIэ деж щеух. ЩIалэщIэ дыдэу и гъащIэ гъуэгур къиухами, и цIэр къуажэми, лъэпкъми, лъахэми яIэщIэхужакъым. Абы зэрихьа щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэр зы тхылъым зэрыщызэхуэхьэсар, щIэблэми гъащIэ гъуэмылэ зэрищIыфынур фIыгъуэшхуэщ.

Уэчэпщей курыт еджапIэм фэеплъ музейр къыщызэзыгъэпэщахэр хьэпшыпхъумэу зэрыщымытым, я IэнатIэм екIуу зэрыпэрытым и щыхьэтщ жэрдэмщIакIуэхэм якъуэувэу гъэсэныгъэ мыхьэнэ зиIэ Iуэху къызэрырахьэлIар, тхылъыр нэщIыса хъун папщIэ, яхузэфIэкI къамыгъанэу гуащIафIэу зэрыхэлэжьар. Нэхъыщхьэращи, сурэт къэлъыхъуэным, лIыхъужьым и дуней тетыкIам ехьэлIа гукъэкIыжхэр зэхуэхьэсыным еджакIуэ цIыкIухэри хэтащ. Абы къикIыр аращи, лIэужьхэр зэпыщIа хъуащ: нэхъыжьым и псалъэр нэхъыщIэм зэхихащ, япэ итам и лIыхъужьыгъэр и ужь иту къэкIуам и нэгу къыщIигъэувэфащ. Мы Iуэхум ехьэлIауэ зы щапхъэ цIыкIу къэтхьынут, Делэкъуэ Рашид къиIуэтэжауэ.

- Нэхей Даут и щхьэгъусэ Мерэм дгъэпсалъэу, уэршэрым хэт зы хъыджэбз цIыкIу къыщIэупщIащ ахэр нэIуасэ зэрызэхуэхъуа щIыкIэм. Пэжыр жыпIэмэ, ди къалэным хыхьэрт Даут теухуауэ дгъуэтыр зэхуэтхьэсыныр, ауэ апхуэдэ упщIэкIэ бзылъхугъэм зыхуэдгъэзэныр дигу къэкIатэкъым. Мерэми дахэ дыдэу къытхуиIуэтэжащ къекIуэкIа псори. Ауэ псалъэм псэ зэрыхэлъыр хьэкъ щысщыхъуар Мерэм и щхьэгъусэр дунейм зэрехыжа щIыкIэр къыщиIуэтэжаращ - тхьэмыщкIэм и щхьэр Мерэм и куэщIым илъу и псэ хэкIат, псэ сIутар уэращ, къупщхьэ сызыщIари уэращ, жиIэри... Пщащэ цIыкIум и гур апхуэдизкIэ къызэфIэнати, хуэмышыIэу бгъэдэлъадэри, Мерэм гъыуэ IэплIэ хуищIат. Мыпхуэдэ гумащIагъыр щыплъагъум деж, ебгъэкIуэкI лэжьыгъэм мыхьэнэ зэриIэр зыхыбощIэ, зи щхьэ ямылъэгъуа, зи хъыбар фIэкIа ямыцIыхуа лIыхъужьыр къэдгъэпсэуж пэлъытэщ, абы и щыIэныгъэр щапхъэ защIэу зэрыщытар щIалэгъуалэм зыхыдогъащIэ. Абы иужькIэ нэхъ жыджэру пысщащ тхылъым кIуа тхыгъэхэмрэ сурэтхэмрэ зэхуэхьэсыным. Сыщогугъ ар зыIэрыхьэнухэм абы хэтлъхьа хуабагъыр зыхащIэну, - жиIэжырт Делэкъуэ Рашид.

Тхылъым кIэух папщIэу уэрэдитI къыщыкIуащ. Зыр усакIуэ Мэхъуэщ Руслан и «Нэхей Даут» усэрщ, адрейри КIыргъ Юрэ и «Фронт лъагъуныгъэм и уэрэдырщ». ТIуми макъамэ щIэлъу ягъэзащIэ, лIыхъужьым и пшыналъэр игъащIэкIэ зэрыщыIэнум и щыхьэт хъу хуэдэу.

ГупсысэкIэм и зы къэгъэщIыгъэу зэрыщытым къыхэкIыу, тхылъым пщIэ хуэфащэщ. Ауэ ар зытеухуар щыIэныгъэр зыгъэлъапIэ, ар зыгъэдахэ, дунейр ипэкIэ зыгъэкIуатэ Iуэхугъуэхэрамэ, лъапIэщи, гъуэгу етыпхъэщ. Дэри тхылъыщIэр гъуэгу махуэ теувэну ди гуапэщ.

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.**




# Дэтхэнэми и нэIэ тетынущ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Хабаров Николай, КъБР-м ХьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ АфэщIыж Юрэ щIыгъуу хьэрычэтыщIэхэм яхуэзащ.**

БИЗНЕС-зэгухьэныгъэм я лIыкIуэхэм я упщIэхэр ехьэлIат хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэр щIыналъэм щегъэкIуэкIын, муниципальнэ мылъкур приватизацэ щIын Iуэхухэм, апхуэдэуи къэралым хьэрычэтыщIэхэм защIигъэкъуэным теухуауэ щыIэ хабзэхэр республикэм и къэрал властым и органхэм зэрагъэзащIэ щIыкIэмкIэ зэрымыарэзым.

Республикэм и прокурорым къахуэкIуахэм хабзэмкIэ я хуитыныгъэхэр ягуригъэIуащ, зэрызыкъыхуагъэза дэтхэнэ Iуэхури къапщытэну къалэн ящищIащи, абыхэм зэрыхэплъэм езым и нэIэ тетынущ.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

**● Гу зылъытапхъэ**

# ПщIэ зыхуэтщI къалэдэсхэ, хьэщIэ лъапIэхэ!

**Къэбэрдей-Балъкъэр МВД-м хъыбар фегъащIэ цIыху щыпсэу щIыпIэхэм кIэрахъуэ щыбгъэуэныр хабзэм къызэремызэгъым теухуауэ. А хабзэм ебакъуэхэм Урысей Федерацэм и законодательствэм тету административнэ жэуап ирагъэхьынущ.**

ЗИ ГУГЪУ тщIы хабзэм щыгъэбелджылащ кIэрахъуэ зыгъэуам тезыру сом мин 40 - 50-м нэс теплъхьэ хъуну, кIэрахъуэри абы дэщIыгъу шэхэри къытепхыну.

КIэрахъуэ зыгъэуахэр гуп хъумэ, ахэр ефамэ, дэтхэнэми сом мин 50 - 100 ирагъэтынущ, Iэщэри шэри къытрахынущ. Уголовнэ Iуэху къызэIуахынущ, къуаншэм илъэси 5-м нэс къытралъхьэнкIи мэхъу «Iэщэ къагъэсэбэпу ящIа щIэпхъаджагъэ» жыхуаIэм сыт и лъэныкъуэкIи хуэкIуэмэ.

Зыщывмыгъэгъупщэ: кIэрахъуэм уриджэгу хъунукъым. Iэщэр щагъауэ щIыпIэ хэха щыIэщи, абы фыкIуэ. НэгъуэщI щIыпIэ (псом хуэмыдэу цIыху щызэхэт, щыпсэу) къыщыбгъэсэбэпыныр хабзэм идэркъым.

Хабзэм фемыбакъуэ, фызыхуэсакъыж, хьэргъэшыргъэм зыщыфхъумэ.

# ЛIыхъужьхэм я махуэм хуэгъэпсат

**Дзэ Iуэхухэм я ветеран Джылахъстэн Барэсбий щыIащ Урысей ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и следственнэ изолятор №1-м икIи Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэм теухуа псалъэмакъ щхьэпэ иригъэкIуэкIащ.**

«БОЕВОЕ братство» урысейпсо зэгухьэныгъэм и республикэ къудамэм и унафэщIыр офицерхэм яхутепсэлъыхьащ ирихьэкIа лэжьыгъэм. Отставкэм щыIэ подполковникым къулыкъу щищIащ гъунапкъэхъумэ дзэхэм, ар хэтащ Шэшэным IэщэкIэ зэщIэузэдауэ щекIуэкIа зэпэщIэувэныгъэм. Иджыпсту ар республикэ дзэ комиссариатым щолажьэ, къытщIэхъуэ щIэблэм хэкупсэ гъэсэныгъэ ядрегъэкIуэкI.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ тхыдэр хъумэным мыхьэнэшхуэ зэриIэм, Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэм. Ягу къагъэкIыжащ УФСИН-м и лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу, дзэ Iуэху хэхар щекIуэкIым хэкIуэдахэр, къэралым папщIэ абыхэм зэрахьа лIыгъэхэр.

СИЗО-1-м и лэжьакIуэхэм ветераным фIыщIэ хуащIащ къазэрыхуеблэгъам папщIэ.

**УАРДЭ Жантинэ.**




● Псалъэжьхэр

# ЗыхуащIэ нэхърэ - зыщIэф

♦Джэд нэхърэ джэдыкIэ нэхъ Iущщ.
♦ТIакъуэр закъуэ палъэщ, закъуэр щымыIэ пэлъытэщ.
♦Джэду здэщымыIэм дзыгъуэ щоятэ.
♦Зы къэлэрри къэлэрищэри зэхуэдэщ.
♦Бзаджэ уи пашэмэ, бзаджэ ухуешэ.
♦Зы мафIэ хъуаскIэм жылэ псор къресэкI.
♦Нэм илъагъур щхьэм и уасэщ.
♦Уэсукхъуэр бзу цIыкIум къегъэхъей.
♦Псэунум лъакъуибгъу щIэтщ.
♦ЗэдэпщIэ щIэхщи, зэдэшхэ IэфIщ.
♦ЛэжьэнкIэ уашхэщ, шхэнкIэ дыгъужьщ.
♦ПхъэIэщэ вийм зэдащтэмэ, щIыгулъ къагъазэ.
♦ЛIы и къуэгъурэ вы и гъуррэ.
♦ЗэбгъащIэр IэщIагъэщи, умыщIэр IэщIыбщ.
♦Пщы зи щыпэлъагъум тхьэ щохъу.
♦ЗыхуащIэ нэхърэ - зыщIэф.
♦Хьэрычэтым берычэт хэлъщ.
♦Бзу кхъуей фIэкIа ямыIэ щыIэкъым.
♦Пщы зыфIэпщым пщылI къыпфIещ.
♦Щхьэ къуийм и лажьэ щхьэ псэум ищIэркъым.
♦Iэгу нэщI IэщI джафэщ.

● ГушыIэхэр

### Зэхуэс

Гукъыдэжыншэу школым къикIыжа щIалэ цIыкIур и адэм бгъэдыхьауэ жреIэ:

- Папэ, пщэдей ди школым адэ-анэхэм я зэхуэс щыIэщ. Ауэ егъэджакIуэм зэрыжиIамкIэ, зэхуэсым куэд хэтынукъым.

- Сыт абы къикIыр? – щIоупщIэ адэр.

- Уэ, сэ, школым и унафэщIыр дызэхуэзэну аращ, - жи сабийм зрилъэфыхьурэ.

### Сожей

ЗэныбжьэгъуитI зопсалъэ:

- Пщэдджыжьым сыхьэтыр къыщеуэкIэ, фочкIэ къызэуауэ фIэкIа къысщыхъуркъым.

- Укъигъащтэу укъыщылъэтрэ?

- Хьэуэ, яукIам хуэдэу сожей.

● ГъэщIэгъуэнщ

### Хым тета Генри

Португалием и пащтыхьыкъуэ Генри (1394 - 1460) и гъащIэ псор зытриухуар цIыхум и лъэр здынэмыса щIы IэнэщIхэр къэхутэнырщ. Португалием и Альгарвэ и губернатору щыткIэрэ, кхъухьхэр щаухуэ, щызэрагъэпэщыж щIыпIэ иухуащ, хым техьэнухэр щагъэхьэзыр школ къызэIуихащ.

Хым фIыуэ хэзыщIыкI, щес цIыхухэр, астрономхэр, географхэр зэхуишэсри, Африкэм и къухьэпIэ лъэныкъуэм и хыIуфэр къэзыхутэну экспедицэхэр зэригъэпэщащ. Апхуэдэ гуп 14 иригъэжьат Генри, ауэ Боядор плIанэпэм зэрынэсу къагъэзэжырт. Абыхэм жаIэрт адэкIэ тенджыз щхъуантIэ шынагъуэ гуэр щыIэу, къыщепс дыгъэр апхуэдизкIэ гуащIэщи, хыр къигъэкъуалъэу, цIыхуфэр фIыцIэу трижьыкIыу, зэи нэм имылъэгъуа псэущхьэ шынагъуэ гуэрхэр щыпсэууэ.

Апхуэдэурэ екIуэкIащ 1434 гъэр къэсыху. Абы щыгъуэ Генри и чэнджэщэгъуу, и акъылэгъуу щыта, Иннес Жил хым техьащ, жыхуаIа плIанэпэм адэкIэ щыIэхэр зригъэлъагъури, псэууэ къигъэзэжауэ щытащ.



### Иджы дэнэ къали дэзщ

1902 гъэм Урысейм япэу зекIуэн щыщIадзащ троллейбусхэм. А лъэхъэнэм «электроавтомобиль»-кIэ зэджэу щыта машинэхэр щагъэунэхуар Санкт-Петербургщ. Троллейбусым килограмм 820-рэ и хьэлъагът. Абы папщIэ электроIэмэпсымэхэр къызэрыщIагъэкIыр барон Шуленбург и проектымкIэт. Токыр зэрызекIуэ Iэмалыр зытращIыкIар франджы къэхутакIуэ Ломбар-Жерен къигупсыса конструкцэрщ.

Ток кIапсэкIэ къызэрыгуэкI гъуэгум къыщызыжыхь машинэр Урысейм занщIэу псоми щызэрагъэкIуэфакъым, илъэс 30 дэкIа нэужьщ ар Москва «къыщыдэувар».

**ДОХЪУШОКЪУЭ Санэ**.



● Фэ фщIэрэ?

## Кенгурур щIыбагъкIэ икIуэтыжыфыркъым

**♦Зэ нэхъ мыхъуми уэшх къыщемышха щIыпIэ закъуэтIакъуэхэм ящыщщ Чили щыIэ Атакамэ къумыр.**
**♦Илъэс 75-м зи ныбжьыр нэса цIыхур и гъащIэм щыщу илъэс 23-кIэ жеящ.**
**♦Дунейм цIыхуу тетым хуэдиз джэди ягъэхъуу къахуташ.**
**♦Колибри къуалэбзу лIэужьыгъуэм и хьэлъагъыр зы гъущI сом хуэдиз хъууэ аращ.**
**♦Джейхэр илъэси 100-м нэс мэпсэу.**
**♦Кенгурур щIыбагъкIэ икIуэтыжыфыркъым.**
**♦КъызэрахутамкIэ, аргъуейхэм нэхъыфIу ялъагъур щхъуэ плъыфэращ.**

● Шхыныгъуэхэр

### Лы гъэжьа-гъэбэкхъа

Мэлылыр ятхьэщI, яупщIатэ тыкъыр цIыкIуурэ, дзэху тепщэчым иралъхьэ, абы халъхьэ пIащIэурэ упщIэта бжьыныщхьэ, бжьыныху, шыбжий, шыгъу, псы щIыIэ щIакIэри IэкIэ фIыуэ зэIащIэ, бжьыныр япIытIурэ и псыр къыщIахун щхьэкIэ. Шынакъыщхьэр трапIэри щIыIапIэм сыхьэти 5 - 6-кIэ щагъэув, нэхъ зэхэшыпсыхьын щхьэкIэ. Лыр щагъэжьэнум и деж шынакъым лы тыкъырхэр кърах, кIэрыпщIа бжьын сытхэр кIэрахри тIэкIу ягъэжэпхъ. Лы жэпхъар дзасэм фIалъхьэри мафIэ дэпкIэ ягъажьэ, лъэныкъуэ псомкIи тхъуэплъ дахэ хъухукIэ. Лы жьар дзасэм къыфIахри тебэ куум иралъхьэ, абы халъхьэжа бжьын-бжьыныху зыхэлъар, псы къыщIэжари щIакIэж, джэдгын хаудэ, зэIащIэ, тебащхьэр трапIэри мафIэ щабэм тету ягъэбэкхъ дакъикъи 7 - 8-кIэ. Iэнэм пщтыру трагъэувэ. Дашх пIастэ, мырамысэ, чыржын, хьэлIамэ, щIакхъуэ.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):***
Мэлылу - грамм 200
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 80
Бжьыныху укъэбзауэ - грамм 50
Шыбжий сыр мыхьэжауэ - грамми 2
Псы щIыIэу - грамм 50
Шыгъуу, джэдгын убауэ - узыхуейм хуэдиз.

### Тхъурэ форэ зэхэгъэшыпсыхьауэ

Мы шхыныгъуэ-хущхъуэгъуэр хуабжьу сэбэпышхуэ яхуохъу зи тхьэмщIыгъу, шхалъэ узхэм, зи давленэр ехуэхахэм, зи бгъэм щIыIэ хыхьахэм, Iупс бзаджэ зиIэхэм. Фом халъхьэр тхъу гъэвэжагъащIэщ. Тхъур кIэструлым иралъхьэ, хьэкум трагъэувэри ягъэткIу. ЗэIащIэурэ абы фо хакIэри фIыуэ зэхагъэзэрыхь. Къытрахыжа нэужь абдж е кхъуэщын шынакъым иракIэри и щхьэр тепIауэ щIыIапIэ-кIыфIыпIэм ягъэув. ЗэмыкIуэкIыу куэдрэ щытщ. Щашхынум и деж зыхуейм хуэдиз къыщхьэщахри ягъэхуэбэж. Мырамысэ хуабэм и кум илъу яшх е шэ гъэпщтам традзэри шхэн и пэ къихуэу ираф.

***Халъхьэхэр:***
Фоуэ - грамм 1000
Тхъу гъэвэжагъащIэу - грамм 1000

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **2**. Псалъэжь: «Куэсэ ... умыщI». **6**. Псалъэжь: «... и щIагъ нанэ щыIэкъым». **7**. ЦIыхубзхэм (цIыхухъу куэдми) къыздрахьэкI хьэпшып цIыкIу. **8**. ТхьэкIумэкIыхьым фIыуэ илъагъу хадэхэкI. **9**. Нэпсей, зи мылъкум тегужьеикIа цIыху. **11**. Дунейр нэхъ щыщIыIэхэм языныкъуэхэм щатIагъэ щыгъын Iэщхьэншэ, бжьэхуц дэлъу ядауэ. **12**. Сабийм пыIэр щхьэрымыхун папщIэ кIэрыда кIапсэ цIыкIуитI. **15**. Гъэгъа хужь Iэрамэхэр куэду къызыпыкIэ жыг. **17**. Аушыджэр къыщалъхуа адыгэ тхакIуэ, журналист. **18**. Зиусхьэн лъэпкъ. **19**. Мэжаджэ, хьэтыкъ, чыржын, ... **21**. Псалъэжь: «Гупыр щызэхыхьэм шу пашэ, къыщагъэзэжкIэ шу...». **22**. ЦIыхур дунейм зэрехыжамкIэ хъыбарегъащIэ.

***Къехыу:*** **1**. Фоч, кIэрахъуэ хуэдэхэр щыщымыIам къагъэсэбэпу щыта Iэщэ. **2**. Хьэцэпэцэ. **3**. Уэс жьгъей дыдэ. **4**. Пшэр, лы лей зытелъ. **5**. ЦIыху теплъэншэ, фэншэ. **10**. Нэзэрыхъэм къытекIэ цыхэр. **11**. Хамысауэ, езыр-езыру къэкI ерыскъыпхъэ гуэр. **13**. Псалъэжь: «Бгъэр куэдрэ уэмэ, и ... мэкъутэ». **14**. IуэрыIуатэм къызэрыхэщымкIэ, щакIуэ щыIэу Андемыркъан пщышхуэм ещащ мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ: «Беслъэней пцIапцIэу... си шэм и кIуэкIэр уигу ирихьа?». **16**. Ди гъунэгъуу псэу лъэпкъ. **20**. Шым и кIуэкIэ. **21**. ЦIыхубз щыгъын.

*Зэхэзылъхьар* **САУТ СулътIанщ**.

**Дыгъэгъазэм и 6-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**:

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Лъэмб. **3**. Убых. **7**. КхъухьэпIэ. **8**. Нэрыбгэ. **11**. Тхьэгъуш. **13**. Хьэжы. **14**. Хьэлэ.

***Къехыу:*** **1**. Лъахъш. **2**. Мэкъу. **4**. Бжьэ. **5**. Хадэ. **6**. Жэмыхьэт. **9**. Бжыхь. **10**. Мазэ. **11**. Таж. **12**. ШкIэ.







**ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэлъэпIащ РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ ЖьакIэмыхъу КIунэ и ныбжьыр илъэс 85-рэ, ар театр гъуазджэм зэрыхуэлажьэрэ илъэс 60 зэрырикъур.**

# Театр утыкум и гуащэр ягъэлъапIэ

КъБР-м и Парламентми езыми къабгъэдэкIыу КIунэ хъуэхъу гуапэкIэ зыхуигъэзащ хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, зи махуэр зыгъэлъапIэ бзылъхугъэм и лэжьыгъэм щиIэ зэфIэкI инхэм, и теплъэм, и зыIыгъыкIэм зэрыригушхуэр къыхигъэщу.

- КIунэ ущеплъкIэ, дауи, гурыIуэгъуэщ и ныбжьу къагъэлъагъуэр бжыгъэ къудейуэ зэрыщытыр. И лэжьыгъэ гъуэгуанэм уриплъэжмэ, роль купщIафIэхэмкIэ, гуащIэ мыкIуэщIкIэ, гурыгъу-гурыщIэ пэжкIэ, театреплъхэм я лъагъуныгъэкIэ гъэнщIа лъэхъэнэ псо къызэщIеубыдэ, - жиIащ Егоровэм. - Утыкум къыщыпкIуа гъуэгуанэ дахэр театр гъуазджэм узэрыхуэпэжым и щапхъэщ. Бгъэзэщ1а ролхэр я щыхьэтщ уи Iэзагъэр зэрыгъунапкъэншэм. ЗэфIэкI зиIэ актрисэу узэрыщытым и мызакъуэу, мэгъум хуэдэу цIыхухэр зыщIэзышэ къаруи уиIэщ, театрым къакIуэхэм дэрэжэгъуэрэ гуфIэгъуэкIэ уахуоупсэ. Къэбэрдей театрым узэрыхуэпэжым къыдэкIуэу, республикэ радиомрэ телевиденэмрэ, щIыналъэм и жылагъуэ гъащIэм хуэпщIа хэлъхьэныгъэхэр куэд и уасэщ. Къыпхуагъэфэща дамыгъэ лъапIэхэмрэ щIыхьыцIэхэмрэ уи творческэ гъуэгуанэм и пщIэмрэ цIыхубэм я лъагъуныгъэмрэ я щыхьэтщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэр зэрыбгъэбеям, театр гъуазджэм узэрыхуэпэжым папщIэ фIыщIэ ин пхузощI. Узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ, гуфIэгъуэ уиIэу, уи гукъыдэжым хэмыщIу, фIыуэ укъэзылъагъухэмрэ пщIэ къыпхуэзыщIхэмрэ уэ гурэ псэкIэ ппэгъунэгъухэр ящIыгъужу илъэс куэдкIэ фызэдекIуэкIыну сынохъуэхъу!

АдэкIэ пшыхьым къыщеджащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкIыу сенатору щыIэ Къанокъуэ Арсен КъБР-м и Правительствэм къигъэхьа хъуэхъу-телеграммэм. Абы итщ:

- КIунэ, уи махуэмкIэ гукIи псэкIи сынохъуэхъу! ЗэфIэкIрэ щIэупщIэрэ зиIэ артисткэущ цIыхубэм укъызэрацIыхур, пщIэшхуи къыпхуащI. Республикэми къэралми я театр гъуазджэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIахэм, лэжьыгъэфIхэр къызэзынэкIахэм уащыщщ. Гъуазджэм илъэс куэд хъуауэ узэрыхуэлажьэм, щэнхабзэмрэ жылагъуэмрэ егъэфIэкIуэным уи гуащIэ зэрыхэплъхьэм, фIыуэ укъэзылъагъу театреплъхэм уазэрыхуэпэжым папщIэ фIыщIэ пхузощI! Республикэр, лъэпкъыр, укъызыдэкIа Шытхьэлэ къуажэр уэркIэ догушхуэ!

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин игу къигъэкIыжащ 90 гъэхэм Къэбэрдей драмэ театрым лэжьэн щыщIидзам абы зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ и артистхэу ТIыхъужь Алий, Къаздэхъу СулътIан, Токъуий Хъусен, Сэкрэк Мухьэдин, Жыгун Тимэ, ДыщэкI КIунэ, ЖьакIэмыхъу КIунэ сымэ я гупым хэхуауэ зэрыщытар икIи и кIэн къызэрикIар къыхигъэщащ. Абы жиIащ КIунэ роль гукъинэж куэд зэрыдищIар. Апхуэдэщ илъэс куэдкIэ театрым щагъэлъэгъуа «Анэм и гур» спектаклым зэанэзэкъуэу зэрыщыджэгуар. Министрым зэрыжиIамкIэ, уи ехъулIэныгъэр зыхуэдэнум и зэхуэдитIыр елъытащ утыкум уи гъусэу ит артистым.




Абы и лъэныкъуэкIэ КIунэ зыхэт спектаклхэм щыджэгуныр зыхилъхьэ щыIэтэкъым.

- Къэхъу Iуэхур и фIэщ зэрыхъур узыдэджэгу артистым и нэм щыщIумылъагъуэм и деж уи ролыр «къызэпкърыпхыфыркъым». КIунэ пэж зэфэзэщти, укъихьэхурт. Дгъэзащ1э ролхэм апхуэдизкIэ дыдахьэхыу диувэрти, спектакль нэужьым куэдрэ зыкъытхуэщIэжыртэкъым, - жиIащ Къумахуэ Мухьэдин. - Театрым дахагъэр фIэфIщ. ТеплъэкIи, лъагагъкIи, зэфIэкIкIи Тхьэр зыхуэупсахэм ящыщщ КIунэ. Ар утыку къихьа нэужь, театреплъхэр Iэгу зэрыхуеуэр сыт и уасэ! Абы и щхьэусыгъуэр куэд щIауэ утыку зэритыркъым, атIэ цIыхухэм ягуми я псэми зэрыдыхьарщ. Апхуэдэу екIуэкIынущ псэухуи. КIунэ, уи дахагъэр мыкIуасэу, нэхъыкIэ умыхъуу, цIыхур къыпкIэлъыкIуэу, къыщIыпкIэлъыкIуэр фIы защIэу Тхьэм уигъэпсэу!

ЖьакIэмыхъу КIунэ и лэжьэгъухэм жаIащ анэдэлъхубзэр щIэблэм зэраIурымылъым, щэнхабзэ лъапIэныгъэхэр хъумэным хуэфащэ гулъытэ зэрыхуамыщIым ар зэригъэгузавэр; бзэмрэ хабзэмрэ кIуэдыжмэ, лъабжьэ зимыIэ жыгым хуэдэу дыкъызэрынэнум къыхэкIыу, а жыгыр щIэблэм иджыри яхуэкIыну, яхуэгъэгъэну зэрихъуэпсапIэр. Апхуэдэуи къыхагъэщащ КIунэ и IэщIагъэр лэжьыгъэ къудей мыхъуу, атIэ абы къыхуигъэщIауэ къызэралъытэр, театрым ар щыджэгум имызакъуэу, абы зэрыщыпсэур, и гъащIэр зыхуигъэпса утыкум лъагъуныгъэ ин зэрыхуиIэр, драмэ спектаклхэри гушыIэ ролхэри зэхуэдэу фIыуэ къызэрехъулIэр. А псоми щIагъужащ КIунэ анэдэлъхубзэр узыIэпишэу зэригъэбзэрабзэр, пэшым щIэсхэр игъэдыхьэшхыфым и мызакъуэу икIи зыщIигъэгупсысыжу къызэрекIуэкIыр, щIэблэм зэращапхъэр.

Пшыхьым хыхьэу КIунэ усэ къеджащ, щыджэгуа спектаклхэм я теплъэгъуэхэр къагъэлъэгъуащ. ЦIыхубэм нэхъыфIу ялъэгъуа и ролхэм ящыщ пычыгъуэхэри экранымкIэ къатащ.

- Адыгэ лъэпкъыр дызэрыгушхуэ, хабзэ, нэмыс, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ, щапхъэу диIэ, ди блэкIам, тхыдэм теухуа роль куэд зыгъэзэщIа, лIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъуауэ театр утыкур зыгъэбжьыфIэ КIунэ и махуэмкIэ сынывохъуэхъу пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIа дэтхэнэ зыми! - жиIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. - Илъэс 25-кIэ узэIэбэкIыжмэ, КIунэ и ролыр апхуэдизкIэ гум хыхьэу игъэзэщIати, къэмэхри дэIэпыкъуэгъу псынщIэр къыхураджат. Абы щыгъуэ КIуэкIуэ Валерэ къэгузэват: «Iагъу, и фIэщыпэу къэмэха?», - жиIэри. Тхьэм укъытхуихъумащ, КIунэ, иджыри ущапхъэщ. Театрым лъэпкъым хуищIэр къыпхуэмыIуэтэнщ. ЦIыхур къезыгъэлынури лъэпкъыр къэзыхъумэнури къыдекIуэкI хабзэрщ, нэмысырщ, хьэл-щэн дахэрщ. Адыгэм ди купщIэмрэ щхьэхуэныгъэхэмрэ къэзыгъэлъагъуэ ди артист пажэхэр Тхьэм фытхуигъэузыншэ! Псори мэкIуэдыж, къанэр щэнхабзэрщ. IутIыж Бориси зэрыжиIащи, лIыгъэм япэ идвгъэгъэщ Iущыгъэр. Ди Iущыгъэр лIыгъэм япэ иту, нэмысрэ насыпрэ диIэу, лъэпкъыр Тхьэм игъэпсэу, уэри Тхьэм утхуигъэузыншэ, КIунэ!

Сэхъурокъуэ Хьэутий ЖьакIэмыхъу КIунэ хуигъэфэщащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и дыщэ дамыгъэрэ щIыхь тхылърэ. Аруан щIыналъэ администрацэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъи тыгъэ къыхуащIащ, и гуащIэ емыблэжу илъэс куэдкIэ лъэпкъ театр гъуазджэм зэрыхуэлэжьамрэ и ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъумрэ папщIэ.



Пшыхьым ирагъэблэгъащ икIи къыщыпсэлъащ КъБР-м и къалэ, къуажэ администрацэхэм я лIыкIуэхэр. Апхуэдэщ Шэджэм, Лэскэн, Бахъсэн, Тэрч, Iуащхьэмахуэ, Прохладнэ, Шэрэдж щIыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм и къуэдзэхэу Iэрыпщэ Жаннэ, Насып Лусенэ, Iэхъуэбэч Анзор, Алъхъэс Аскэр, Мэжджыхь Альберт, ЩауэцIыкIу Олеся, Ефэнды Терезэ, Кэнжэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Степан Эдуард, Шытхьэлэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Унэжокъуэ Аслъэн, Бахъсэн къалэм и администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI Бэч Альберт, республикэм и театрхэм я унафэщIхэр, КъБР-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэр.

Къэпсэлъахэм ягу къагъэкIыжащ ТIыхъужь Алий, Къаздэхъу СулътIан, ЖьакIэмыхъу КIунэ сымэ республикэм и къуажэхэм спектаклхэр щыщагъэлъагъуэкIэ, тIысыпIэ къэгъэнауэ, увыпIэ имыIэжу цIыхушхуэ щызэхуэсу зэрыщытар. Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми я дамыгъэ лъапIэ куэд зыхуагъэфэща КIунэ хуэдэ пхъу лъэпкъым зэриIэм зэрыригушхуэр къыхагъэщащ икIи цIыхубэм я лъагъуныгъэр къэзылэжьа артисткэ пажэм ехъуэхъуащ илъэс куэдкIэ тхуэпсэуну.

- Пшыхьым къекIуэлIахэм, хъуэхъу, псалъэ гуапэхэр къысхужызыIахэм фIыщIэ ин фхузощI. Къэфча дэтхэнэ фи зы лъэбакъуэри гуапагъэу, мамырыгъэу, узыншагъэу къыфпекIуэкIыну Тхьэм жиIэ! НасыпыфIэ, гъащIэ кIыхь фыхъу, фи адэанэкIи бынкIи гукъеуэ фимыIэну, фи унагъуэхэм берычэт илъыну сынывохъуэхъу! Псом я щхьэращи, Украинэм щекIуэкIыр икIэщIыпIэкIэ иухыу ди зауэлIхэр узыншэу я унагъуэхэм къекIуэлIэжыну Тхьэм жиIэ! Пшыхьым хэта ди щIалэгъуалэ дахэм мы утыкур куэдрэ ягъэбжьыфIэну, театреплъхэр фагъэгуфIэну, Iэгуауэмрэ удз гъэгъамрэ куэду, фызэрыгъэгушхуарэ фызэхуэарэзыуэ фыпсэуну си гуапэщ. Театрым фыкъэмыкIуэмэ фыхуэзэшу, щIэблэри абы щIэфпIыкIыу Тхьэм фигъэпсэу! Театрыр сэ фIыуэ зэрыслъагъум хуэдэу фэри фIыуэ флъагъу! - жиIащ КIунэ пшыхьым и кIэухым.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Унафэщ1-редактор ШИРДИЙ Маринэ

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.300 • Заказыр №2698

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленином и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А